ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№150 (24.744) • 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •



## Зи гъащІэр Іуэху дахэкІэ гъэнщІахэр

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ ПсапащІэхэм (волонтёрхэм) я махуэм и щІыхькІэ зэхэта пшыхьым.**

НАЛШЫК и Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щызэхуэсат цІыху 500-м нэблагъэ волонтёрхэмрэ псапащІэхэмрэ. Абыхэм яхыхьэну хуейхэм папщІэ абдеж дыдэм мастер-классхэр щрагъэкІуэкІащ.

Зи лэжьыгъэр Іуэху дахэхэмрэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ цІыхухэм зэрызыщІагъакъуэмкІэ гъэнщІахэм ядэуэршэращ республикэм и Іэтащхьэр. «ЦІыхухэм уадэІыпыкъуфыныр ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм игъащІэ лъандэрэ яхэлъа хьэлхэр къэзыгъэщІэрэщІэж, адрейхэм гумащІэу, гущІэгъу пхэлъу уабгъэдэтын зэрыхуейр уигу къэзыгъэкІыж щэн дахэщ», - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым екІуэкІа пшыхьым теухуауэ.

УФ-м и Президент Путин Владимир цІыхухэм я гъащІэр нэхъыфІ ищІын мурадкІэ игъэувауэ щыта, «ДЭ ДЫЗЭГЪУСЭЩ» лъэпкъыбэ зэпеуэм щытекІуахэм я саугъэтхэр КІуэкІуэ Казбек щаритыжащ мы пшыхьым. КъинэмыщІауэ, волонтёрхэмрэ дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ я гъусэу, республикэм и Іэтащхьэм къызэІуихащ «ТекІуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъум папщІэ волонтёр зэгухьэныгъэ» зыфІаща щІыналъэ центрыр. Абы хагъэхьа псапащІэхэм накъыгъэм и 9-м екІуэкІыну дауэдапщэхэр къызэрагъэпэщынущ.

«ЩІалэгъуалэм хуащІ гулъытэм хэхъуэн папщІэ, псапащІэ зэгухьэныгъэхэр нэхъыбэ щІыныр ди къэралым и пащхьэ ит къалэнхэм язу зэрыщытыр къыхэзгъэщыну сыхуейщ. «Добро.рф» хэщІапІэм ди республикэм щыщу волонтёр мин 27-м я цІэхэр итщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цІыху мин 62-м щІигъу холэжьыхь псапэ зыпылъ Іуэху 16 зэмылІэужьыгъуэхэм. Мы гъэм Іуэху щхьэпэрэ проект зэмылІэужьыгъуэу 100-м щІигъу зэфІагъэкІащ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м щыщ волонтёр куэдым я лэжьыгъэр къэрал саугъэт лъапІэхэмкІэ къыхагъэщащ. Абыхэм я зэфІэкІым и мыхьэнэр цІыхубэм зыхащІащ, дяпэкІи щІыналъэм, псапащІэ зэщІэхъеенsocгъэм нэхъри зригъэубгъунущ.

## Паспортхэр иратыжащ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм щыщ ныбжьыщІэ 19-м паспортхэр щратыжащ Правительствэм и Унэм.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ захуигъазэу, Унафэщым жиІащ: «ПщІэ зыхуэсщІ адэ-анэхэ! НыбжьыщІэ цІыкІухэ! УФ-м и Конституцэм и махуэм иредгъэхьэлІащ паспортхэр щывэттыжыну махуэр. Къэралым зэхъуэкІыныгъэхэм тету зыщиужь зэманым ирихьэлІэу къащта Хабзэ Нэхъыщхьэм къалэнышхуэ игъэзэщІащ ди къэралым и хуитыныгъэри абы иубыд щІыналъэхэри къызэтенэн папщІэ, и политикэ гъащІэр зэтеувэным, и къэкІуэнур убзыхуа хъуным, цІыхум и хуитыныгъэмрэ и хьэкъымрэ къыщхьэщыжыным хуэунэтІауэ. Дэтхэнэ зыми ди къалэнщ Конституцэми ди къэралым къыщащтэ хабзэхэми дытетыну, хэкупсэ нэсу, къэралым хуэфащэ цІыхуу дыщытыну».

Сабийхэм щехъуэхъум, республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ: «Паспортыр балигъ гъащІэм ухэзышэ кхъухьым ещхьщ. Ныбжьышхуэ фимыІэми, фэ фщыщ дэтхэнэ зыми и адэ-анэр зыгуэркІэ игъэгуфІэну хунэсащ, еджэным, ІэпщІэлъапщІагъэм, цІыхубэ гъащІэм фи зэфІэкІ къыщывгъэлъэгъуащ. Ар дяпэкІэ фызрикІуэну къыфпэщылъ гъуэгушхуэм и щІэдзапІэ къудейщ. Нобэ фэ гъащІэм Іэмал куэд къывет нэхъри зывузэщІыну. Шэч закъуи къытесхьэркъым фи гуращэхэр къызэрывэхъулІэнум, иджыри ехъулІэныгъэ куэд зэрывиІэнум. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, сыт щыгъуи цІыхухэм фахуэщхьэпэным фыхуэунэтІауэ фыпсэу, фи унагъуэм, Іыхьлыхэм, ди республикэм, ди къэралым сэбэп фызэрыхуэхъуным фыхущІэкъу».

Паспорт зратыжахэм дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм я сабийхэр яхэтащ: Акъбащ Ипщэм щыщ Шэрыб Жамболэтрэ Прохладнэм дэт школ №4-м щеджэ Шаповаловэ Алёнэрэ. Дауэдапщэм хъыджэбз цІыкІум и адэ Шаповалов Артём кърихьэлІащ. КІуэкІуэ Казбек абы зыхуигъазэри: «Уэри пщІэ пхузощІ, дзэ Іуэху хэхам хэт ди хэкуэгъу псоми си фІыщІэ схуалъэгъэІэсыж», - жриІащ. Іэтащхьэм къытригъазэри къыхигъэщащ абыхэм къагъэлъагъуэ лІыгъэмрэ псэемыблэжыныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкІуэтей щІэблэм я дежкІэ щапхъэ дахэу зэрыщытыр.

ЗэІущІэм и кІэм республикэм и Іэтащхьэм жиІащ: «Ди щхьэр лъагэу щІэтІэтын щІэблэ зыгъэса адэ-анэхэм фІыщІэ яхузощІ. Шэч къытесхьэркъым абы дэ гъащІэм щыдгъэлъапІэ псори зэрахъумэфынум: цІыхур, унагъуэр, бэр, республикэр, Хэкур. Урысей къэралым и цІыхуу ущытыныр пщІэшхуэщ, ауэ икІи жэуаплыныгъэщ. А цІэ лъапІэм фызэрыхуэфэщэным иужь фит».

Дауэдапщэм хэтахэщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу **Къуэшырокъуэ Залымрэ Хъубий Маратрэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Езауэ Анзор**, щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Лу Азэмэт**, Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэм и къудамэу КъБР-м щыІэм ІэпхъуэшапхъуэІуэхухэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Зэгъэщтокъуэ Мурат**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Аппаратым и Унафэщ **ЕхъулІэ Мэхьирэт**, «Пэрытхэм я зэщІэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щІыналъэ советым и унафэщІ, Парламентым и депутат **Шыпш Аслъэн**, сабийхэм я адэ-анэхэр.

## ЕджакІуэхэр ягъэгушхуэ

**Дыгъэгъазэм и 12-м Урысей Федерацэм и паспортхэр КъБР-м и Парламентым щратащ республикэм и курыт школхэм щеджэ цІыху 32-м. НыбжьыщІэхэм япэщІыкІэ хабзэубзыху ІуэхущІапІэм зыщрагъэплъыхьащ, депутатхэм я лэжьыгъэм щагъэгъуэзащ.**

АБЫХЭМ ехъуэхъуну Іуэхум зыкърагъэхьэлІат КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**, ЩэнхабзэмкІэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІ **Текуев Амырбий**, КъБР-м къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Кузнецов Константин**, КъБР-м щыІэ МВД-м ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ и управленэм и нэхъыщхьэ, полицэм и полковник **Зэгъэщтокъуэ Мурат**, УФ-м СледствэмкІэ и комитетым и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и дэІэпыкъуэгъу, юстицэм и майор **Ульяновэ Иринэ** сымэ. Апхуэдэуи зэхуэсым хэтащ еджакІуэхэм я адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ.

НыбжьыщІэхэм я дэфтэрыр яритын и пэ къыихуэу, Егоровэ Татьянэ абыхэм захуигъэзащ: «Нобэ махуэ къызэрыгуэкІкъым. Фэ къыват тхыдэшхуэрэ щэнхабзэ къулейрэ къызыдэгъуэгурыкІуэ къэралым и дэфтэрыр, - жиІащ Егоровэм. - Мы Іуэхум и мыхьэнэм хегъахъуэ нобэ УФ-м и Конституцэм и махуэр зэрыдгъэлъапІэм. Урысей Федерацэм и паспортыр къызэрыфІэрыхьэм щІыгъуу, цІыхум и хуитыныгъэхэри къэвгъэсэбэпыну Іэмал къывет. А дакъикъэм щегъэжьауэ зыщывгъэгъупщэ хъунукъым къэралым, фи адэ-анэхэм, цІыхубэм я пащхьэ къалэн пыухыкІахэри зэрыщывгъэзэщІэнур. Сэ шэч къытесхьэркъым жэуаплыныгъэ зэрыфхэлъынум. Ди къэралым и къэкІуэнур дэтхэнэ зыми фэлъытащ. Абы къыхэкІыу нобэ псоми ди зэхуэдэ Іуэхущ Урысейр нэхъ лъэщ тщІыныр, абы зедгъэужьыныр. Ди къэрур зэхэтлъхьэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьри къызэднэкІыфынущ. Феджэ, зывужь, фи Хэкур фІыуэ флъагъу!».

ЕджакІуэхэм ирата паспортхэм тхылърэ УФ-м и Конституцэрэ щІыгъут.

ЩІалэгъуалэм хъуэхъукІэ зыхуагъэзащ хьэщІэхэми. «НыбжькІэ иджыри фыщІалэми, фи гъащІэм и Іыхьэ жэуаплыныгъэ зыпылъым нобэ фыхохьэ. Сынивохъуэхъу къэралым и дзыхь къызэрывигъэзым и пщІэр фымыгъэкІуэду абы фыхуэпэжыну», - къыхигъэщащ Кузнецов Константин.

- Нобэ, зэрыжаІащи, УФ-м и Конституцэм и махуэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху екІуэкІащ. Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр мыпхуэдэу хабзэубзыху ІуэхущІапІэм Іэтауэ къуэщатыныр пщІэшхуэщ. Шэч хэмылъу, фи хуитыныгъэхэр нэхъыбэ хъуащ иджы. Ауэ дэтхэнэми фхузэфІэкІын хуейщ къэралым и хабзэхэм фытетыныр, абы пщІэ хуэфщІыныр. Сыхуейт хэкупсэ фыхъуну, ди япэ итахэм я лІыхъужьыгъэм хуэфэщэн щІэблэ къыфхэкІыну. УФ-м СледствэмкІэ и комитетым и управленэу КъБР-м щыІэм къыбгъэдэкІыу сынивохъуэхъу егъэджэныгъэм ехъулІэныгъэ щывиІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм я цІэхэр ину вгъэІуну! - жиІащ Ульяновэ Иринэ.

Налшык къалэм дэт Лицей №2-м щІэс Богацкая Бэллэ ныбжьыщІэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ яхуищІащ Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм: «Нобэ пщІэ къытхуэфщІу ди дэфтэрхэр къызэрыдэфтыжар зэи тщыгъупщэнукъым. Си гугъэмкІэ, дэтхэнэ зыри хущІэкъунущ ди къэралыр егъэфІэкІуэным и гуащІэ зэрыхилъхьэнум», - жиІащ еджакІуэм.

Зэхуэсыр щызэхуащІыжым Урысей Федерацэм и къэрал Гимныр псоми зэгъусэу ягъэзэщІащ.



**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэу гъэувын **Журавлев Андрей Иван и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м*
*№141-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и япэ зэIущIэм и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-м, 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м къыдэкIам, и 10-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и зэхуэсыгъуэщIэм и зэIущIэр 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м егъэкIуэкIын.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м*
*№142-УГ*

# Автобусхэр ират

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек еджакIуэхэр къызэрырашэкI автобус зэгъэпэщауэ 10 яриташ районхэм щыIэ курыт еджапIэхэм**.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм ди республикэм апхуэдэ автобусу къыIэрыхьащ 235-рэ, абыхэм ящыщу 82-р 2021 - 2023 гъэхэм хуозэ.

«Автопаркыр къэгъэщIэрэщIэным иджыри иужь дитынущ. Урысейм ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм делъэIуащ етIанэгъэ иджыри автобус 14 къытхуигъэкIуэну. ИджыкIэ ди республикэм и школакIуэ 10289-рэ еджапIэхэм ирашалIэ автобусхэм. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ, щIыналъэхэм щыпсэу сабийхэр тыншу школым кIуэнымкIэ. Налшыкрэ Прохладнэмрэ автобусхэм дэсын шофер зэрахуримыкъум дыщыгъуазэщ, абыи куэд мыщIэу хэкIыпIэ къыхуэдгъуэтынщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек икIи автобусыщIэ зрата курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм ехъуэхъуащ.



# ЩIалэгъуалэм теухуа жэрдэм

**КъБР-м Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэкIэ хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал Советым «ЩIалэгъуалэмрэ сабиймрэ» яхухэха и комиссэм и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ Ямало-Ненецкэ автоном округым и губернатор, комиссэм и унафэщI Артюхов Дмитрий**.

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабиймрэ» лъэпкъ IуэхущIэм лъабжьэ хуэхъум, ар етIанэгъэ зэрырагъэжьэнум. Иджыпсту щIалэгъуалэм теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм зэрыпащэнур зи жэрдэмыр Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимирщ.

Мы лэжьыгъэр тегъэпсыхьащ дэтхэнэ зы цIыхуми и зэфIэкIыр гъащIэм къыщигъэсэбэпыфын хуэдэу гъэсэным, зегъэузэщIыным, хэкупсэу, жылагъуэм я пащхьэ щихь жэуаплыныгъэр зыхищIэу къэгъэхъуным. Нэхъыбэу зыхуэунэтIари школакIуэхэрщ, колледжхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэс студентхэрщ, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэрщ. Апхуэдэу ди къэралым исщ цIыху мелуан 50, ар Урысейм щыпсэум и Iыхьэ щанэ хуэдиз мэхъу.

Лэжьыгъэм хуагъэбелджылащ федеральнэ программэу 9: «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ», «Дэ дызэкъуэтщ», «Дунейм Урысейм щиубыд увыпIэр», «Нэхъыфl псори - сабийхэм», «Школ нэхъыфIхэр», «ЕгъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ», «Профессионалитет», «Иджырей кампусхэм я зэпыщIэныгъэр къызэгъэпэщын», «Пашэхэм я университетхэр».

Проектыр ягъэзащIэнущ Урысейм ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ, ЩIэныгъэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, ФинансхэмкIэ и министерствэхэм, «Рособрнадзор»-м, Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэм, «Единый заказчик» ППК-м, РАНХиГС-м, «Сириус» федеральнэ щIыналъэм. Iуэхур и нэIэ щIэтынущ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий.

Къэрал советым и комиссэм хэтщ щIыналъэ, федеральнэ министерствэхэм, къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр.

«IуэхущIэ къетхьэжьэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ: ар зэрекIуэкIыну илъэсихым Къэбэрдей-Балъкъэрми къэрал псоми илъэсипщI бжыгъэкIэ къахуэщхьэпэн Iуэхуфl куэд зэфIэкIынущ. Ди республикэм Iуэхур тэмэму щызэфIахын папщIэ IуэхущIапIэхэри къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэри щызэтеублащ, ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министерствэр къызэдгъэпэщащ, мэлажьэ, абы и къудамэхэм районхэм жыджэру Iуэху щащIэ. «ЩIыналъэхэр зейр щIалэгъуалэращ» программэм ипкъ иткIэ, щIалэгъуалэ центрхэр духуащ, «Росмолодежь»-м и фIыгъэкIэ республикэм щIалэгъуалэ куэд зыхэт зэхуэсышхуэхэр щокIуэкI. А псом къищынэмыщIауэ, ди щIыналъэм щыдгъэзэщIэну программэхэр зэхыдолъхьэри, ари ныбжьыщIэхэмрэ сабийхэмрэ къахуэсэбэпын хуэдэу идогъэкIуэкI. Абыхэм ящыщу нэхъ иныр «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» программэрщ, абы дзэ Iуэху хэхам щыIэ сэлэтхэм я бынхэр зыхуей хуэзэнымкIэ, щIэныгъэ ягъуэтынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. «Iуащхьэмахуэ» корпоратив университетым и егъэджэныгъэ программэм ипкъ иткIэ, щIалэгъуалэм ядэлажьэ егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ я Iэзагъым хыдогъахъуэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

# Никъуэдыкъуэхэм хуащI гулъытэр

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм деж Нықъуэдыкъуэхэм я IуэхукIэ щыIэ советым хэтхэм я зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутат Къэжэр Хъусейн, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Тогузаев Тахир, нэгъуэщI министерствэхэмрэ къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр, нықъуэдыкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэу республикэм итхэм я пашэхэр**.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ нықъуэдыкъуэхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэм зэращыдэлажьэм, медицинэ IуэхущIапIэхэм я электрон дэIэпыкъуныгъэхэр зэрыгъэпсам, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр зэрырагъаджэм, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэрыжиIамкIэ, гъуазджэмкIэ сабий еджапIэхэм я сайтхэм зи нэм имылъагъухэм папщIэ Iэмалхэр щызэтегъэпсыхьащ, абы кърalъхьэхэм къоджэф. Апхуэдэуи зи тхьэкIумэм зэхимыххэм папщIэ, абыхэм къагурыIуэн хуэдэу тхыгъэм къеджэхэр щыIэщ. Къэрал театрхэмрэ музейхэмрэ псапэ зыпылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщ, абыхэм къокIуалIэ зи узыншагъэр мытэмэм цIыхухэр. ЩэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэм екIуалIэ нықъуэдыкъуэхэм папщIэ Iэмал псори щыIэщ, абы и щIыхьэпIэхэри зыхуей хуэгъэзащ. Псалъэм папщIэ, щIыхьэпIэм деж иIэ кнопкэм тепкъузэмэ, лэжьакIуэхэр къыщIокIри, сымаджэр щIашэ, зыхуэныкъуэр хуащIэ. Сабий нықъуэдыкъуэхэм папщIэ библиотекэхэр мэлажьэ, езыр-езыру къэзымыкIухьыфхэм, фIыуэ зымылъагъухэм, зэхэзымыххэм папщIэ кинозалхэм Iэмалхэр къыщызэрагъэпэщ. Республикэ телеканалхэм къэралыбзэхэмкIэ къигъэлъагъуэ нэтынхэм субтитрхэр къытредзэ. Къэрал хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм хагъэгъуазэ нықъуэдыкъуэхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэмрэ волонтерхэр зэрадэIэпыкъу щIыкIэм.

Медицинэ IуэхущIапIэхэмрэ медико-социальнэ экспертизэмрэ зэрызэдэлажьэм къытеувыIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Аникушинэ Татьянэрэ** МСЭ-м и эксперт нэхъыщхьэ **Щэрмэт Иринэрэ**.

КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ IэмалхэмкIэ IуэхущIапIэ псори зэпыщIа хъуным теухуа лъэпкъ проектым хыхьэу, 2023 гъэм медицинэ IуэхущIапIэхэмрэ медико-социальнэ экспертизэ бюромрэ электроннэу зэдэлажьэу зэтраухуащ. Иджыпсту Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм и нэIэ щIэт IуэхущIапIэ псори бюром электроннэу пыщIащ. 2024 гъэм щегъэжьауэ а Iэмалым тету зэфIах Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 12.

Зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр зэрырагъаджэм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Мокаев Ашэмэз**. Министерствэмрэ абы и нэIэ щIэт егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщри, нықъуэдыкъуэхэм ядэлажьэ егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм хагъэхъуащ. ЦIыху 22-р федеральнэ программэхэмкIэ еджащ. Мы гъэм и закъуэ егъэджакIуэ мини 3-м я щIэныгъэр хагъэхъуащ.

ЗэIущIэм къыщащтащ 2025 гъэм зэрылэжьэну планыр, абы къыхалъытащ нықъуэдыкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэм жаIахэри. Зэхуэсыр езыгъэкIуэкIа Хъубий Марат къыхигъэщащ ягу щIэныкъуэ Iуэхур къыхалъхьэнумэ, Iэтащхьэм деж щыIэ советыр сыткIи сэбэп хъуну зэрыхьэзырыр.

**КЪЭБАРТ Мирэ**.

# СтанцыщIэхэр яухуэ

**Дызэрыт илъэсым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ электромобилхэр зыхуеинум хуэдиз электрокъару щрагъахъуэ станцыщIэу 22-рэ. Абы нэмыщI, ди республикэр хагъэхьащ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу апхуэдэ станцхэр щаухуэн папщIэ ахъшэ субсидие зратынухэм**.

ЭЛЕКТРОКЪАРУ щрагъахъуэ станцхэр щагъэуващ Налшык, Прохладнэ, Тырныауз, Нарткъалэ, Май, Тэрч, Шэджэм къалэхэм, Былым, Зеикъуэ, Лэскэн ЕтIуанэ, ХьэтIохъущыкъуей къуажэхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэм щыIэ Азэу хуейм. Станцхэм электромобилищым зэуэ IуэхутхьэбзэхэрхуащIэфынущ. Абы и фIыгъэкIи, машинэхэр щызэтрихьэ къэхъунукъым икIи зэ игъэхъуэгъуэм зэман кIыхькIэ къаригъэжыхьынущ - псалъэм папщIэ, километр 300 - 400 хуэдиз гъуэгуанэм хурикъунущ.

Электрокъару щрагъахъуэ станцхэр республикэм щагъэуващ «Электромобилхэмрэ водородкIэ къэзыкIухь автомобилхэмрэ» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.



# Илъэсым ириплъэжу

• Дзэ Iуэху



**Дыгъэгъазэм и 10-м хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къытIущIащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ зэгурыIуэныгъэ (контракт) щIыкIэм тету дзэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ IуэхущIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ.**

2024 гъэм и бжьыхьэ-щIымахуэ пIалъэм дзэ къулыкъум пэрагъэувэхэр жэпуэгъуэм и 20-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ ираджэ. А Iуэхур щызэкIэлъагъакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ дзэм дэзыш комиссэу 14: зыр - республикэм и къалащхьэм, пщыкIущыр - районхэм.

- Зи гугъу сщIа пIалъэм къриубыдэу, бжьыхьэ дэшыгъуэм хедгъэубыдэн хуейуэ республикэм къытхуагъэуващ цIыху миным щIигъур. Гуп-гупурэ, зым иужь адрейр иту, ахэр автобускIи, гъущI гъуэгукIи, уеблэмэ кхъухьлъатэхэмкIи (нэхъ жыжьэ кIуэхэр) доутIыпщ, - къыхигъэщащ дзэ комиссарым.

Иджырей дэшыгъуэм хэхуахэр, япэрейхэми хуэдэу, ягъакIуэ ди къэралым и щIыналъэхэу къухьэпIэмкIэ нэхъ пыIудзауэ щыдиIэ Калининград областым деж къыщыщIэдзауэ къуэкIыпIэмкIэ нэхъ тпэжыжьэхэм ящыщ Камчаткэм нэсыху я зэхуаку дэлъ дэтхэнэми.

Нэхъыбэр зыхэхуэр лъэсыдзэр арами, щIалэхэм къахэкIащ хыдзэм хагъэхьахэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкIыну къапэщылъщ Балтикэ тенджызым, хы ФIыцIэм, хы Хуэмым. КъинэмыщIауэ, щыIэщ хьэуа-десант, хьэршыдзэм, лъэпкъ гвардием, гъущI гъуэгум епхам ираджахэри. Армэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми. Псалъэм папщIэ, апхуэдэхэр къыщIагъэкI республикэм и Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Тэрч, Бахъсэн районхэм щыдиIэ еджапIэхэми.

2024 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ дзэм дашыну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэми, 30-м нэсахэми, я зэхуаку дэтхэми. Япэхэми хуэдэу, пIалъэкIэ ягъэмыгъэпIейтеину хуитынигъэ яIэщ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ университет-институтхэм щIэсхэмрэ.

Пахомовым зэрыжиIэмкIэ, щIалэхэр щызэхуашэс щIыпIэхэм зэрыIуашыр гуфIэгъуэ щытыкIэм тетущ. Дэтхэнэри, емыжьэ щIыкIэ, дзэм зэрыхэтыну щыгъынхэмкIэ яхуапэ, гъуэгу гъуэмылэхэмкIи къызэрагъэпэщ.

- Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм дзэм хэдгъэхьэну къытхуагъэува цIыху миным нэблагъэр къызыхэтшар республикэм и дзэ комиссэхэм къетшэлIа щIалэхэу мини 5-м щIигъурщ. ДэркIэ нэхъапэр дзэм дгъакIуэхэр узыншагъэ тэмэм яIэу зэрыщытыпхъэрщ. Я узыншагъэр хуэхъумэ - догъакIуэ, хуэмыхьэзырхэр - доутIыпщыж. А щIыкIэм тету къыхэтххэм ящыщу, дызэрыт мазэм къриубыдэу, дэ иджыри цIыхуи 100-м щIигъу дэдгъэкIын хуейуэ къытпэщылъщ, - къыпищащ Пахомовым.

КъБР-м и Дзэ комиссарым зэрыжиIам тетщIыхьмэ, зи дэкIыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм ягъэкIуэнукъым, къэралым къыхагъэхьэжахэми ирагъэхьэнукъым. Дауи, УФ-м и щIыналъэхэу гъунапкъэм еуалIэхэм я Iуэху зыIутыр нэгъуэщIщ. Абдежым къулыкъу щезыхьэкIхэм ди щIалэхэри щахэхуэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Воронеж, Белгород областхэм ягъакIуи къахокI.

Пахомовым зэрыжиIэмкIэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну къызылъысхэм ящыщу зызыгъэпщкIухэм тезыру тралъхьэм хуэдэ IэджэкIэ хагъэхъуащ. Нэхъапэхэм апхуэдэм зэретхьэкъуу щытар сом 500 - 1000-м щIимыгъуу щытамэ, иджы ар нагъэблэгъащ сом мин 30 - 40-м.

- УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къытхуигъэува къалэнхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ кIуэну хуейхэм гуп щхьэхуэхэр къахэтхыныр, - къыпещэ и псалъэм Пахомов Дмитрий. - Мы гъэми а щIыкIэм тету дзэм хэдгъэхьэну къытхуагъэувам я бжыгъэр мини 2-м щIегъу (цIыху 2265-рэ). Ахэр зэгурыIуэныгъэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIынухэм яхыдогъэхьэ.

Республикэм и дзэ комиссарым зэрыжиIэмкIэ, ди щIалэхэм ящыщу зэухылIэныгъэ езыщIылIэу дзэм дэкIыну хуейхэм я бжыгъэм иужьрей зэманым хэпщIыкIыу хэхъуащ.

- 2023 гъэм и гъатхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэдгъэпэщащ зэгурыIуэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здыIухьэ хъуну хэщIапIэ. Ар сыт хуэдэ зэманми мэлажьэ, - зэIущIэм щIэсахэм абыкIэ хъыбар дигъэщIащ зи гугъу тщIы екIуэлIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталий.

ХэщIапIэщIэм и лэжьыгъэр зэтраухуащ, екIуалIэ дэтхэнэми а махуэ дыдэм (лэжьэгъуэ махуэхэми зыгъэпсэхугъуэхэми) зыщIэупщIэ псомкIи чэнджэщ щигъуэтыфын хуэдэу. Iухьэхэм къулыкъу щрахьэкIыну нэхъ зыхуейуэ къагъэлъагъуэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къедбжэкIынщи, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм пэгъунэгъуу щыIэ Тарскэ къуажэ цIыкIум къегъэщIылIа мотострелковэ полкымрэ апхуэдэ дзэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Волгоград къыщызэрагъэпэща полкыщIэмрэщ, кIэлъыкIуэу Ставрополь крайм щыIэ хьэуа-десант дзэм и хэщIапIэрщ.

Дзэм а щIыкIэм тету зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэм къахохъуэ. Дзэ Iуэху хэхар здекIуэкI щIыпIэм кIуэхэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щIэрыщIэу къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, зэ тыгъэу сом мин 400 ират (къекIуэкIа сом мини 195-м ипIэкIэ). КъинэмыщIауэ, апхуэдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу сом мелуанрэ ныкъуэрэ къыIэрохьэ. Иужьрейм ехьэлIа унафэр мы гъэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ ягъэзащIэ.

ЗэгурыIуэныгъэ езыщIылIэу дзэм хыхьэхэм, зэрыхуэхьэзыр-сытым теухуауэ, япэщIыкIэ яхоплъэ, армэм щыIа-щымыIакIэ зэхагъэкI, зэгуэр къулыкъу щрихьэкIамэ зыхэта частым елъытауэ адэкIэ ягъасэ, дерсхэр драгъэкIуэкI. Хьэзыр хъуауэ къалъытэхэр япэ лъэбакъуэу зыхагъэхьэр «резерв батальонкIэ» зэджэхэрщ.

Езым и фIэфIыныгъэкIэ дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэм къэралым зыкъызэрыщIигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» зыфIаща федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэлъэгъуауэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и мылъкукIэ фэтэр зыIэригъэхьэну хуитыныгъэ зэриIэр, езыми и унагъуэм щыщхэми я узыншагъэм щакIэлъыплъ хъуну IуэхущIапIэхэм пщIэ щIамыту зыщрагъэIэзэну Iэмал зэраIэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зэпеуэ къыхэмыкIыу икIи пщIэншэу, щIэтIысхьэну хуит зэращIыр. Дзэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэфынущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 60-м фIэмыкIа дэтхэнэми.

Гъэ блэкIам и гугъу тщIымэ, а щIыкIэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хыхьахэм я бжыгъэр мини 2-м щIигъуащ. Нэхъыбэр фочауэщ, мыдрейхэр машинэзехуэщ, пщафIэщ, техникэм пыщIащ.

Мыри къыжыIэпхъэщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэу 300-м нэблагъэр дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм зэрыкIуар ди гъунэгъу щIыналъэхэм я цIэкIэщ, я апхуэдэ екIуэлIапIэхэм икIыурэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Сом зы мелуаным нэс къуэдыуэ

**Роскомнадзорым и управленэу КИФЩI-м щыIэм и щIыналъэ къудамэм видеозэпыщIэныгъэкIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр зыхэта зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ экстремизмэм ехьэлIа гупсысэхэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр пэIэщIэу зэрыщытыпхъэм.**

IУЭХУМ тепсэлъыхьащ Роскомнадзорым и управленэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Новиков Максим.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, къэралым и шынагъуэншагъэр зыгъэбыдэхэм ящыщщ хъыбарегъащIэ Iэмалхэр, икIи абыхэм елъыташ жылагъуэм и гупсысэр, Iуэху еплъыкIэхэр унэтIа зэрыхъунур. Абы къыхэкIыу хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэбграгъэкI хъунукъым терроризмэм къыхуезыджэ е абы епха IуэхущIафэхэр зыгъэдахэ тхыгъэхэр.

«Экстремизмэр зыхуэгъэзар къэралыр зэкъуэчыныршц, жылагъуэми цIыхубэми я зыужьыныгъэр къызэтригъэувыIэнырщ. Урысей Федерацэм экстремизмэр хуит щищIыркъым. Абы теухуа къэрал хабзэхэм ебакъуэм жэуап ихьынущ. Ди IуэхущIапIэр хущIокъу жылагъуэм я зэпIэзэрытыныгъэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зэран хуэмыхъуным», - жиIащ къэпсэлъам.

Новиков Максим тепсэлъыхьащ «экстремиз Iуэхум» къикIымрэ и мыхьэнэмрэ. Абы къыхигъэщащ зи гугъу ящIым теухуауэ «къыхуеджэныгъэхэр» къызэрагъэсэбэп хабзэр. Ар наIуэуи щIагъыбзэкIэ къэгъэлъэгъуауи щытыфынущ, зы лъэпкъыр адрейм ефIэкIыу къэзылъытэ гупсысэ е зыгуэр зыгъэикIэ, зым и фIагъыр иIэтрэ нэгъуэщIыр Iумпэм зэрищIыр къыхэщу. А псор зыхуэгъэзар цIыхубэм, лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ къыдэгъэхъуэнырщ.

Къэпсэлъам къихьащ экстремизм гупсысэ къызыхэщ тхыгъэхэм я щапхъэхэр. «Хабзэр къызэпызыудхэм ящыщщ судым экстремизм гупсысэ хэлъу къилъыта тхыгъэхэр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэбграгъэкIыныр. Щыуагъэ фIэщIэмыкIын щхьэкIэ, абыхэм зыщыщывгъэгъуазэ хъунущ УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и сайтым. Ауэ къэлъытэн хуейщ апхуэдэхэм я бжыгъэм зэман-зэманкIэрэ къазэрыхэхъуэри. А тхыгъэхэм щыщ хъыбарегъащIэ IэнатIэм зэбгригъэкIамэ, IуэхущIапIэм хъыбар Iэрагъэхьэ, икIи ягъэзэкIуэжыну Iэмал щыIэмэ, махуипщIым къриубыдэу зэрагъэзэхуэжыпхъэщ», - дыщIигъуащ Новиковым.

Терроризм е экстремизм Iуэху ялэжьыным къыхуезыджэ лэжьыгъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыдагъэкIмэ, УФ-м и КоАП-м и Iыхьэ 13.15-м и 6-нэ частым къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, сом зы мелуаным нэс къуэдыуэ тралъхьэнущ. Экстремизм дамыгъэхэр зыгъэлъагъуэхэм ирагъэпшын сом мини 100-м нэс, гужьгъэжьгъэ зэбииныгъэрэ цIыхум я гум изылъхьэ тхыгъэхэр къыдэзыгъэкIым сом мин 500-м нэс итынущ, УФ-м и щIыналъэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэ щIыным къыхуезыджэми - сом мин 500-м нэс.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 14,**
*щэбэт*

♦**1695 гъэм** къэралым и пащтыхь Пётр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Михаил Алигъуокъуэ и къуэр Урысейм и генералиссимусу хахат.

♦**1816 гъэм** къалъхуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр щIэныгъэм тету джыным япэу зезыпщытахэм ящыщ, адыгэбзэм, абхъазыбзэм, шэшэныбзэм я алфавит зэхэзылъхьа **Услар Пётр**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ дирижёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъул Леонид**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 6, жэщым градус 13 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 15,**
*тхьэмахуэ*

♦**Шейм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и Дзэ-хьэрш къарухэм я Радиотехникэ дзэхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1917 гъэм** Дзэ Плъыжьым и япэ нагъыщэр - Вагъуэ Плъыжьыр къащтащ.

♦**1921 гъэм** РСФСР-м и ВЦИК-м и деж Къэбэрдей автоном областым и лIыкIуэ щыIэныр хабзэу ягъэуващ.

♦**1912 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Балъкъэр Мыхьэмэт**.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, публицист **Джэдгъэф Аслъэмырзэ**.

♦**1925 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мамбэт Хьэлым**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дзу Iэбубэчыр**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ло Инал**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэзан Аслъэнджэрий**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ радиом и диктор, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз - Сыжажэ Мае**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 16,**
*блыщхьэ*

♦**1890 гъэм** къалъхуащ Мысырым нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министру, премьер-министру щыта **Мэхьмуд (Хьэхъу) Февзи**.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шортэн Аскэрбий**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кушмэзокъуэ Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Щэрэ зэхэпх нэхърэ, зэ плъагъумэ нэхъыфIщ.**

# Хахуагъэм и щапхъэ



**Дыгъэгъазэм и 9-м, Хэкум и ЛІыхъужьхэм я махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу, Налшык, Совет Союзым и ЛІыхъужь Калюжный Николай и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ ебланэм къыщызэІуахащ абы щеджа щІалэхэу дзэ къулыкъум пэрыту зи псэ зытахэм я фэеплъ пхъэбгъухэр. Сирием щекІуэкІа зауэм къулыкъу щызыщІэу хэкІуэда Сокъур Эдуард, Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам зи псэр щызыта Щэрмэт Владислав, ЦІыпІынэ Анзор, Ирыгу Рустам, Унэгъэс Тембот сымэ я фэеплъыр яхъумэнущ еджапІэм и бжэр пщэдджыжь къэс къыІузых егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ.**

ЗЭІУЩІЭМ кърагъэблэгъащ лІыхъужьхэм я адэ-анэхэр, я Іыхьлыхэр: Сокъур Маринэ, Ирыгу Людэ, Гордиенкэ Екатеринэ, Унэгъэс Ахьмэдхъан, Къумахуэ Таисие, Хъуэст Залинэ. Іуэхур яублащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыммрэ я гимнхэмкІэ.

- 2022 гъэм и мазаем Украинэм щыщІидзащ дзэ Іуэху хэхам. Абы мамырыгъэм щыщІэзэу сэлэтхэм яхэтщ ди республикэм икІа куэд. Абыхэм ягъэлъагъуэ лІыхъужьыгъэ, хахуагъэ. Къэралым къыщхьэщож, гуащІэрыпсэухэр кърагъэл, къулыкъу къадэзыщІэхэм зыщІагъакъуэ. Ди школыр къэзуха щІалэхэу нобэ зи фэеплъ къызэІутххэр игъащІэкІэ къинащ ди гум. Хахуэу, къикІуэт ямыщІэу, Хэкум хуэпэжу къулыкъум пэрыуващ, я псэр ятащ лІыхъужьу! - жиІащ фэеплъ зэІущІэр езыгъэкІуэкІа, еджапІэм и унафэщІым гъэсэныгъэ Іуэхухэмкіэ и къуэдзэ ЦІыпІынэ Заремэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ зауэм, лэжьыгъэм, къару узэдахэмрэ хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэмрэ я ветеран Абдулаев Мустэфа, Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Мэлбахъуэ Алим, Налшык къалэм и дзэ комиссар Щоджэн Залым, Урыс географие зэгухьэныгъэм и щІалэгъуалэ центрым и унафэщІ, РИА «КБР»-м и корреспондент Мокаев Тенгиз сымэ.

Фэеплъ пхъэбгъухэр къызэІуахащ курыт еджапІэм и унафэщІ Хъарзынэ Зауррэ КъБАССР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, педагогикэ лэжьыгъэм и ветеран Беляевэ Любоврэ.

ЛІыхъужьхэм я гъащІэм, я къулыкъум, къыхуагъэфэща дамыгъэхэм тепсэлъыхьащ кадет классым щеджэ ныбжьыщІэхэр.

**Сокъур Эдуард** курыт еджапІэр къиухащ 2004 гъэм. 2009 гъэм Налшык дзэ комиссариатым ириджащ Урысейм и къару узэдахэм яхэту къулыкъу ищІэну. Урысейм и МВД-м къулыкъу щищІэу Подмосковье, Пересвет къалэм, щыІащ. 2025 гъэм и гъатхэпэм щегъэжьауэ, фокІадэ пщІондэ зэгурыІуэныгъэкІэ къулыкъу щищІащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм Прохладнэ къалэм щыІэ и частым. 2015 гъэм фокІадэм и 29-м Сирием щекІуэкІа дзэ Іуэху хэхам къулыкъум щыпэрыту, хэкІуэдащ. УФ-м и Президентым и УнафэкІэ, 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м лІыхъужьым щымыІэжу къыхуагъэфэщащ «Хахуагъэм папщІэ» медалыр.

**Ирыгу Рустам** Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэм хэту Пермь къулыкъу щищІащ. Владикавказ и дзэ комиссариатым игъэкІуащ дзэ Іуэху хэхам. 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м ягъэкІуащ 429-нэ полкым и дзэ частым и ракетнэ батареем и 4-нэ взводым и япэ расчётым и стрелок-зенитчикыу. 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м Запорожскэ областым къулыкъу щищІэу, лІыхъужьу хэкІуэдащ. УФ-м и Президентым и УнафэкІэ щымыІэжу къыхуагъэфэщащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр.

**Щэрмэт Владислав** 2011 гъэм къиухащ курыт еджапІэр. Новомосковск Олимп резервхэр щагъэхьэзыр колледжым щІэтІысхьэри, ар 2015 гъэм къиухащ. А гъэ дыдэ армэм ираджащ, 2018 гъэм ТекІуэныгъэ Иным и щІыхькІэ Москва Ут Плъыжьым щекІуэкІа парадым хэтащ. 2023 гъэм зэгурыІуэныгъэкІэ кІуащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам. ЕбгъэрыкІуэ отрядым тІасхъэщІэхыу хэтт Владислав. 2023 гъэм шыщхьэуІум и 23-м Щэрмэтым къулыкъум пэрыту и псэр итащ. Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкІэ щымыІэжу къыхуагъэфэщащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр.

**Унэгъэс Тембот** курыт еджапІэр 2011 гъэм къиухащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Строитель» колледжым щеджащ. 2015 гъэм дзэ къулыкъум ираджэри, Дзержинский Феликс и цІэр зезыхьэ дивизием хэтащ. 2023 гъэм СВО-м ефрейтору кІуащ.

Къулыкъум къимыкІуэту зэрыпэрытам, Запорожскэ областым щыІэу, СВО-м лІыгъэрэ хахуагъэрэ къызэрыщигъэлъэгъуам щхьэкІэ «Хахуагъэм папщІэ» етІуанэ нагъыщэ зиІэ медалыр, Джаурджий щихъым и еплІанэ нагъыщэ зиІэ жорыр, Запорожскэ областым и губернаторым и щІыхь тхылъхэр кърагащ.

2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м Запорожскэ областым, Работинэ къуажэм деж щыхэкІуэдащ. Хахуагъэм и орденыр къыхуагъэфэщащ езыр щымыІэжу.

**ЦІыпІынэ Анзор** 2020 гъэм курыт еджапІэ №7-м 9-нэ классыр къыщиухри, Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техническэ колледжым щІэтІысхьащ.

2023 гъэм къулыкъум ираджащ. Ар яхэхуащ Брянск областым и Клинцы къалэм щыІэхэм. 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м Курскэ областым и Олешня къуажэ цІыкІум (Суджанскэ районым), урыс-украинэ гъунапкъэ зэпылъыпІэм хуэзэм, ягъэкІуащ. ШыщхьэуІум и 7-м абдеж щыхэкІуэдащ ефрейтор ЦІыпІынэр. УФ-м и Президентым и УнафэкІэ абы къыхуагъэфэщащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# «ЛІыхъужьым и партэ»

**Хэкум и ЛІыхъужьхэм я махуэм ехьэлІа Іуэхухэм хэтащ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэри.**

НАЛШЫК дэт школ № 6-м а махуэм щекІуэкІащ «ЛІыхъужьым и партэ» къыщызэІуаха зэхыхьэ. Абы щеджауэ дзэ Іуэху хэхам хэта, ЛІыгъэм и орденрэ Джаурджий щихъым и жор дамыгъэмрэ зыхуагъэфэща Тотоев Руслан Сергей и къуэм теухуа Іуэхум кърихьэлІащ щІыпІэ администрацэм, КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм я лІыкІуэхэр, Тотоевым и Іыхьлыхэр, егъэджакІуэхэмрэ школакІуэхэмрэ.



«ЛІыхъужьым и партэр» къызэІуихащ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Литовкэ Наталье.



Къызэхуэсахэм дзэ Іуэху хэхам хэкІуэдахэм дакъикъэкІэ щыму яхуэщыгъуэри, удз гъэгъахэр ягъэтІылъащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ а махуэ дыдэм суд приставхэмрэ Управленэм и щІалэгъуалэ советым щыщхэмрэ зэгъусэу лъы зэратар. Мы Іуэхум хэтащ цІыху 20-м щІигъу. Ар хуабжьу къахуэщхьэпэнущ сымаджэщхэм щызэІэзэхэм.

А Іуэхум зэкъуигъэуващ лъы тыным жыджэру хэтхэмрэ иджы япэу къыхыхьахэмрэ. Ведомствэм и лэжьакІуэхэр медицинэ къэпщытэныгъэм пхыкІри, дэтхэнэми лъы миллилитр 450-рэ зыхрагъэшащ.

**БАХЪСЭН Лянэ.**

# Лъэужь дахэ къызэринэкІащ



**Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм и ІэщІагъэлІ пашэхэм ящыщащ Жылэ Исмэхьил Хьэту и къуэр. Зыпэрыта дэтхэнэ лэжьыгъэри жэуаплыныгъэшхуэ пылъу ирихьэкІащ абы, и зэфІэкІми и цІэр фІыкІэ игъэІуащ. Ізагъышхуэрэ цІыхугъэшхуэрэ зыхэлъа дохутырыр зэгуэр игъэхъужахэми зыхэта гупми, шэч хэмылъу, фІыкІэ ягу къинащ. ЦІыху гуапэт, гулъытэ иІэт, гущІэгъу хэлът, хузэфІэкІымкІэ псоми дэІэпыкъуэгъу яхуэхъунут. ПщІэрэ щІыхьрэ зыпылъ гъащІэ гъуэгуанэ купщІафІэ къызэринэкІащ Жылэм.**

ШЭРЭДЖ районым хыхьэ Жэмтхьэлэ къуажэм 1941 гъэм къыщалъхуащ Исмэхьил. Курыт школыр фІы дыдэу къиухри, Исмэхьил щІэтІысхьащ Осетие Ищхъэрэ къэрал медицинэ институтым. Ещанэ курсым щІэсу дзэм къулыкъу щищІэну ираджэри, 1962 гъэм щегъэжьауэ 1965 гъэ пщІондэ а къалэныр щрихьэкІащ Украинэм хыхьэ Житомир щІыналъэм. Абы иужькІэ медицинэ институтыр къиухыжащ, адэкІэ Къэзан къалэм ягъакІуэри, абы ординатурэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуэжауэ щытащ. 1970 гъэм Жылэм Анзорей къуажэм хирургыу лэжьэн щыщІидзащ, иужькІэ Республикэ клиникэ сымаджэщым илъэс зыбжанэкІэ щыІащ. ПІалъэ кІыхькІэ ар щылэжьащ Жьэн узыфэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ республикэ диспансерым, хирургыуи, ІуэхущІапІэм и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэуи щытащ. И ІэщІагъэм фІы дыдэу хищІыкІырт Исмэхьил, щыуагъэншэу тхьэмбылым и узыфэр къихутэрт. Гурэ псэкІэ зыбгъэдэта лэжьыгъэм гуащІэшхуэ хилъхьащ абы. Сымаджэм игу щІэузу, гущІэгъу хуиІэу щытт, и нэІэ щІэтым игу хуэмызэгъауэ ар унэм щыкІуэжа къэхъуакъым. И гулъытэ ялъигъэсырт ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэми, абыхэм я дежкІэ щапхъэу зэрыщытым къищынэмыщІауэ, чэнджэщэгъуи яхуэхъурт, езым и щІэныгъэмкІэ ядэгуашэу, лэжьыгъэ и пІалъэм нэхъ кууэ зэрыхигъэгъуэзэным хущІэкъурт.

Жылэ Исмэхьил зыцІыхуу щытахэм ягу къыщагъэкІыжкІэ и Ізагъэм къыдэкІуэу къыхагъэщ гулъытэшхуэ зиІа цІыху телъыджэу зэрыщытар. ЛъэІукІэ къыбгъэдыхьа щигъэщІэхъуа къэхъуакъым, жэщ-махуэ жиІэнутэкъым, езэш ищІэркъым. «Сэ къысщыгугъыу зи щхьэ къызэзыхьэлІар дауэ зэрызгъэщІэхъунур?!» - жиІэрти, езым и Іуэхур къигъанэрти, зыкъыхуэзыгъэзам ейр зэфІигъэкІырт. НэгъуэщІуи щытыфынутэкъым Исмэхьил, и напэм хутегъэхуэнутэкъым, ар и цІыху щІыкІэти, къыхуиуха гъащІэр ирихьэкІыху а хьэлым тетащ.

- Абы хуэдэр зырызщ, егъэлеяуэ цІыхуфІт, гуапэт, и гулъытэр цІыкІуми инми ялъигъэсырт, сыт хуэдэ зэманми къэдгъуэтыфырт. Исмэхьил сымэ зэкъуишиплІ хъурт, езыр я нэхъыщІэт. Нэхъыжьхэр къуажэм къыдэнэри, Исмэхьил къалэмкІэ къэкІуат. ЗэкъуэшиплІми къатехъукІауэ къалэм цІыху 16 дыщыІэт. Абы щыгъуэм си адэм, ар зэкъуэшхэм я нэхъыжьт, Исмэхьил къыжриІат: «Къуажэм дэсхэм сэ си нэІэ ятезгъэтынщ, къалэм нэкІуахэр уэ уи анэмэтщ». ИгъэзэщІащ адэ къуэш гумащІэм пщэрылъ къыщащІар. Дэри ди щІэблэми ди Іуэху зыІутым зыщимыгъэгъуазэу, къытщІэмыупщІэу зы махуэ дигъэкІакъым. ЩІэныгъэр езым фІэфІт, абы и мыхьэнэр, и къарур къыгурыІуэрти, ди щІэблэр сытым дежи еджэным тригъэгушхуэрт, абыкІэ ехъулІэныгъэ гуэр зыІэрызыгъэхьэхэм гулъытэ яхуищІырт. Къыщыхъуа жылэжьыр зыпищІ щыІэтэкъым, къуажэдэсхэми фІыуэ къалъагъурт, ахэр щыгъуазэт, хуей хъумэ, Исмэхьил сытым дежи къызэрагъуэтыфынум, зэрызыхуагъазэ Іуэхур тэмэму зэрызэфІигъэкІынум. ЩІыбагъ быдэу диІащ, абы къыдит гушхуэныгъэм ди лъэр нэхъ псынщІэу щІигъэкІырт, - жеІэ Жылэм и къуэш нэхъыжьым ипхъу Уэрдокъуэ Разият.

Сыт хуэдиз цІыхум ар сэбэп яхуэхъуами, дапщэм я узыншагъэр зэтригъэувэжами къыпхуэлъытэнукъым. Нэхъыщхьэращи, Исмэхьил и дэІэпыкъуныгъэр зылъысахэм зэхащІыкІащ и гулъытэр, абы хуэгъэза щытхъу, фІыщІэ псалъэ куэд зэхыбох. Аращ дохутырым и лэжьыгъэр зыхуэдэр къызэралъытэ пщалъэ нэхъыщхьэри. Игури и псэри ІэщІагъэм етауэ, жэуаплыныгъэшхуэ пылъу зыпэрыт Іуэхур зэрырихьэкІам папщІэ Жылэ Исмэхьил къыхуагъэфэщащ къэрал къулыкъущІапІэ зэхуэмыдэхэм я фІыщІэ, щытхъу тхылъхэр, дамыгъэхэр, «КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр.

ТыншыпІэ къилъыхъуакъым абы зэи, къапщтэмэ, фІыуэ илъагъу ІэнатІэм гупсэхугъуэ кърситут къызэрилъытэр. Аращ пенсэ ныбжьым щынэсами, мытІысыжу абы и лэжьыгъэм щІыпищар.

ЦІыху жумартт Жылэ Исмэхьил, пхъэщхьэмыщхьэ хадэ дэгъуэ иІэт, дэтхэнэ зы жыгми елІалІэу къигъэхъурт, бэвуи кърихьэлІэжырти, абыкІи цІыхухэм ядэгуашэрт.

Унагъуэ дахэу зэдэпсэуащ Исмэхьилрэ и щхьэгъусэ Майерэ. Хабзэ, нэмыс, зэгурыІуэ, лъагъуныгъэ, пщІэ зыдэлъ жьэгу пащхьэм абыхэм щагъэсащ хъыджэбзищ, ахэр гъащІэм лъэ быдэкІэ хагъэуващ. Япхъу нэхъыжь Ингэ и анэм хуэдэу филологщ, Иринэ адэм и лъагъуэм ирикІуэжащ - гум еІээз дохутырщ, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидатщ, Аринэ экономистщ. Абыхэм я щІэблэми къахэкІащ адэшхуэр щапхъэ зыхуэхъуа - Ингэ ипхъу Лаури дохутыр ІэщІагъэм хуеджащ.

Илъэс мэхъу Жылэхэ я лъэпкъым Исмэхьил зэрахэмытыжрэ. Лъэпкъым и мызакъуэуи, щІыналъэм и медицинэмкІи ар хэщІыныгъэшхуэщ. Ауэ ар гъащІэм и хабзэщи, псэ зыІуту къигъэщІами, пІалъэ иІэщ. Нэхъыщхьэращи, Жылэ Исмэхьил и гъащІэ пІалъэр ІуэхуфІхэмкІэ гъэнщІауэ ирихьэкІащ, лъэужь дахэ дунейм къытринащ, абы и щапхъэр езым и щІэблэм я мызакъуэу, медицинэ ІэщІагъэр къыхэзыххэми гъуазэу яІэнущ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

## Мэрем, дыгъэгъазэм и 20

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Горячий лед». Чемпионат России по фигурному катанию-2025. Пары. Произвольная программа. Танцы. Женщины. Короткая программа. Прямая трансляция
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «Человек и закон» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** «Фантастика». Следующий уровень (12+)
**23.40** Спецпроект. «30 лет вместе». «Угадай мелодию» (12+)
**01.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
**17.30** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «ПОСЛЕДНИЙ БОГАТЫРЬ. КОРЕНЬ ЗЛА» (16+)
**23.40** Х/ф «РЕШЕНИЕ О ЛИКВИДАЦИИ» (16+)
**01.25** Х/ф «МИРНЫЙ АТОМ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.25** Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
**09.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Х/ф «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Инфощит» (16+)
**02.50** «Квартирный вопрос» (0+)

### ЗВЕЗДА

**06.20** Т/с «СМЕРТЬ ШПИОНАМ. УДАРНАЯ ВОЛНА» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.20** «Ищу своих» (12+)
**10.05** «За гранью возможного. Антология советской разведки». Федор Парпаров (16+)
**11.00** «За гранью возможного. Антология советской разведки». Дмитрий Быстролетов
**11.55** «За гранью возможного. Антология советской разведки». Леонид Линицкий (16+)
**12.45, 13.25** «За гранью возможного. Антология советской разведки». Конон Молодый (16+)
**14.05, 15.05, 17.15** Т/с «СМЕРШ»
**15.00** Военные новости (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» (12+)
**20.30** «Война миров». «Неизвестная битва за Антарктиду. Как СССР и США боролись за влияние на Южном полюсе»
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!»
**23.30** «Музыка+». «Колдунья русского романса. Заслуженная артистка России Нина Шацкая» (12+)
**00.55** Т/с «20 ДЕКАБРЯ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Д/ф «Была ли убийцей единственная женщина-император Китая?»
**07.55** Д/с «Первые в мире»
**08.10** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**09.40** Оттепель. В добрый час
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 00.15** Новости культуры
**10.20** Шедевры старого кино
**12.00** Открытая книга
**12.55** Власть факта
**13.35** Д/ф «Русская звезда на Босфоре. Владимир Красовский»
**14.20** Х/ф «ДЕЛО» (16+)
**15.45** «Энигма»
**16.45** Письма из провинции
**17.15** IV Международный конкурс молодых пианистов Grand Piano Competition
**18.30** Д/ф «Роман в камне»
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя птица»
**21.05** Линия жизни
**22.05** Х/ф «ЗАБЫТАЯ МЕЛОДИЯ ДЛЯ ФЛЕЙТЫ» (16+)
**00.30** Х/ф «МАРЧЕЛЛИНО, ХЛЕБ И ВИНО» (16+)
**02.05** Д/с «Запечатленное время»

### МАТЧ!

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**06.30** «Большой хоккей» (12+)
**07.00, 08.30, 15.25** Новости
**07.05, 21.30, 00.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.35** Небесная грация (0+)
**09.00** Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Спринт. Мужчины. Прямая трансляция из Чайковского
**10.55** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**12.00** Биатлон. Альфа-банк. Кубок Содружества. Спринт. Женщины. Прямая трансляция из Чайковского
**13.45** «Есть тема!». Прямая трансляция
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.25** Волейбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Динамо-ЛО» (Ленинградская область). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Мужчины. Прямая трансляция
**22.15** Футбол. «Бавария» - «Лейпциг». Чемпионат Германии. Прямая трансляция
**01.20** «Центральный круг» (12+)
**01.50** Плавание. Международные соревнования «Кубок Владимира Сальникова». Трансляция из Санкт-Петербурга
**02.55** Новости (0+)

## Щэбэт, дыгъэгъазэм и 21

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Сапсан». Наперегонки со временем» (12+)
**11.10** Поехали! (12+)
**12.15** «Наше все» (12+)
**13.05** «ПроУют» (0+)
**14.00** Д/ф «Герой гагаринской эпохи». К 90-летию Бориса Волынова (12+)
**15.00** «Горячий лед». Чемпионат России по фигурному катанию-2025. Женщины. Произвольная программа. Мужчины. Произвольная программа. Прямая трансляция
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Народный ледниковый» (0+)
**20.05** «Эксклюзив» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.10** Х/ф «ПАССАЖИРЫ НОЧИ»
**01.25** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.50** «Доктор Мясников» (12+)
**12.55** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Парад юмора» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «НОВАЯ ЖИЗНЬ» (16+)
**00.40** Х/ф «ЗИМНИЙ ВАЛЬС» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (0+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малозёмовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.10** «Чудо» (6+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Своя игра» (0+)
**18.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.20** «Секрет на миллион» (16+)
**23.30** «Международная пилорама» с Тиграном Кеосаяном (18+)
**00.20** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**01.00** Квартирник НТВ у Маргулиса
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 22**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# ЦIыхум и цIэр къраIуэху псэущ

Фэеплъ

**КъэкIуэнум фIы гуэркIэ щымыгугъ псэ зыIутым яхэту къыщIэкIынукъым. Дэтхэнэри хуопабгъэ зытет дунейр зыгъэдахэ икIи зыгъэщIэращIэ фIыгъуэбэ къеуэлIэну. Апхуэдэу щыт пэтми, цIыхум илъытэри Iулыдж зыхуищIри щхьэзакъуэ хъуапсэ къудей мыхъуу, жылэ хъуапсэкIэ зи гъащIэр зыгъэнщIращ. Абыхэм я цIэр уахътыншэу лъэпкъ щIэжым къыхэзынэри къызэранэкIа Iэужь дахэхэрщ, щыIэныгъэм къыханэ лъэужьыфIырщ. Адыгэхэр лъэпкъ мащIэми, жылагъуэшхуэхэр къащIыхудэплъеин Iуэхугъуэбэ зрагъэхъу-лIэфащ. Ар псом хуэмыдэу щIэжыр зыхъумэ икIи лъагэу зыIэт тхыгъэбзэм ехьэлIащ.**

АДЫГЭ хъуапсэкIэ зи гъащIэр зыхьа Нэгумэ Шорэщ зэгуэр мыпхуэдэу зытхар: «Си лэжьыгъэр щыщIэздзэм, хьэкъыу спхыкIауэ си фIэщ хъурт бгырыс Iэлыр гурыщIэ телъыджэм - гъащIэм и нэхугъэ IэфIым - щIэныгъэм къызэрыщIэтэджэнур; щIэныгъэмрэ тхыбзэмрэ ди гур къыщауIэн дапэ дэр папщIи къэсынщ. Сэ сымылъагъункIи хъунщ а дакъикъэ IэфIыр - си лъахэм щIэныгъэншагъэр IэщIыб щищIыну лъэхъэнэр; сыт хуэдиз гухэхъуэгъуэ зыхэсщIэнт сэ абы щыгъуэ!.. СлъэкIым хуэдиз сщIащ, фIыгъуэ зэрызлэжьыным сыхуэпсэуащ. Ухыгъэмрэ Къэхъугъэр зи Iэмырымрэ солъэIу анэдэлъхубзэм хузиIа лъагъуныгъэр здэзыгуэшын щIэблэ си ужь къихъуэнкIэ». УзэщIакIуэшхуэм и псалъэр цIыхубэм зэлъащIысащ, щысэтехыпIи хъуащ. А псалъэхэрат зэпымычу тегъэщIапIэ ищIыр мы тхыгъэр зытеухуа щIэныгъэлI, егъэджакIуэ цIэрыIуэ, адыгэлI щыпкъэ Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт Долэтыкъуэ и къуэм. Жыжьэ дыкъыщежьауэ къэзылъытэн щыIэнщ, ауэ Нэгумэм и фэр ираплъу, и гумызагъагъэр узэщIакIуэм зыхригъэщIа гурыщIэм хуахьу псэуа цIыхущ Уадэжьдокъуэр. «Шорэ и адыгэ хъуапсэр спкърыту нэху сыкъекIащ», - жиIэурэ ар лэжьапIэм щIыхьэу зэрыщытар бзэщIэныгъэлI Тхьэркъуахъуэ Инус куэдрэ игу къигъэкIыжу щытащ...

Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт щIыт-щымыгъупщэн Iуэхугъуэфl куэд илэжьащ, Iущыгъэ къызыхэпх хъун гъуэгуанэ гъэщIэгъуэн къызэпичащ. Зы цIыху гъащIэкIэ куэдыIуэу пIэрэ жыуигъэIэу абы и нэгу щIэкIащ щыIэныгъэм щекIуэкIа къэхъугъэ инхэр: ар хиубыдащ къэралышхуэр гъуэгу зэхэкIыпIэм езышэлIа революцэм, илъэгъуащ политикэ залымыгъэ цIыхухэм щрахыгъа щэщI гъэхэр, хэтащ Хэку зауэшхуэм, и Iыхьэ хилъхьащ хэгъэгур зэфIэгъэувэжыным хуэгъэпса гуащIэдэкI лэжьыгъэшхуэхэм. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ къэралым щемыкIуэкIами, Хьэжмэт цIыхум лей езых щытыкIэр имыдэу дапщэщи пэщIэту, захуагъэм и телъхьэу, пэжыр жиIэфу дунейм тетащ. КъэмылэнджэжУ зэрыщытым къыхэкIыу, Уадэжьдокъуэм щIалэ дыдэу и цIэр ину цIыхухэм жаригъэIащ, акъылрэ Iущыгъэ защIэкIэ абыхэм я дзыхьыр къилъэщыжащ.

ЛIыгъэ зыхэлъ, захуагъэм ерыщу тет, пэжыгъэр зи щэн цIыхур Уадэжьдокъуэм зыхилъхьэ щыIэтэкъым, пщIэшхуэ яхуищIырт. Абы теухуа зы гукъэкIыж щапхъэу къихьырт Уадэжьдокъуэм иригъэджа икIи дэлэжьа Тхьэркъуахъуэ Инус. «Псалъалъэм ирахьэлIа лэжьыгъэр къыщапщытэж зы зэIущIэ гуэрым дыщызэхэст, «лI» хьэрфымкIэ къригъажьэ псалъэхэм я гъэнахуэхэм дриплъэжу. «ЛIыгъэншэ» икIи «лIыгъэншагъэ» псалъитIым дыщытепсэлъыхьым, ахэр псалъалъэм хэхамэ мынэхъыфIу пIэрэт, жиIэри къыхилъхьат. Псори дызэплъыжащ. ЩыIэщ, къыдопсэлъ, дауэ хэтхыжын, жиIэу зыгуэрым къыщыхигъэщым, псалъалъэр бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ къудейуэ къэвмылъытэ, ар лъэпкъ щэнхабзэр зыузэщI гуащIэдэкIыуи къафщтэ. Мы псалъэхэр псалъалъэм хэдмыгъэхьэмэ, лъэпкъ щэнхабзэми къимыщтэ, имыгъэдахэ щытыкIэу къамылъытэну пIэрэт, жиIащ», - игу къигъэкIыжырт Тхьэркъуахъуэм. Дауи, псалъэхэр бзэм зэрыхэтым Хьэжмэт шэч къытрихьэртэкъым, ауэ апхуэдэ гупсысэкIэр адыгэм и щыпкъагъэр къэIэтыжыным зэрыхуэунэтIар псоми захригъэщIыкIыну зэрыхущIэкъум, ар абы «къеуз» Iуэхугъуэу зэрыщытым я зы щапхъэу арат.

Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт Адыгейм хыхьэ Аскъэлей къуажэм 1909 гъэм къыщалъхуащ. Махуэ бжыгъэ фIэкIа мыхъуауэ, щIалэ цIыкIум и анэр щхьэщыукIуриикIащ, илъэсибгъу ирикъуа къудейуэ и адэр плъыжьыдзэхэм яIэщIэкIуэдащ. Хьэжмэт дунейм тетыху щыгъупщакъым икIи фIыщIэ хуищIащ зыпIыжа цIыхубзым, и адэм етIуанэу къишэжа Быцэ. «АпхуэдизкIэ бзылъхугъэ гъэщIэгъуэнт сэ сыкъызыхуэнари, анэнэпIэскIэ седжэну си бзэм зэи зиIуэнтIакъым. Сызеиншами, ар гуащIэу зыгъэвахэм сащыщкъым. ЦIыху щабэт икIи гуапэт. Адыгэбзэм гу хуэсщIамэ, абы сыхуэлэжьэну хъуэпсапIэхэр сиIэ хъуамэ, зыкъомкIэ зи фIыщIэр аращ», - жиIэрт Хьэжмэт. Анэ папщIэу къыщхьэщыта Быцэ емыджа щхьэкIэ, зыцIыхуу щытахэм зэрыжаIэжымкIэ, адыгэбзэр фIы дыдэу зыхищIэрт, псалъэхэмрэ къарыкIымрэ зэрыуэзэрыбг хъуным хуэсакъырт, гупсысэм хуэмыкIуэ псалъэр аркъудей къабыл ищIыртэкъым. ЦIыхубз хьэлэмэтым бзэмкIэ иIа сэнаущыгъэр щIалэм къызэрылъэIэсам шэч хэлъкъым.

Адэ-анэ жьауэр зыфIэкIуэда Хьэжмэт гугъуехьым зригъэщIыкIакъым. Сыт хуэдэ лэжьыгъэри зэхъулIэ щIалэр пхъэщIэным хуэIэижьт, губгъуэ лэжьыгъэм къыпикIуэтыртэкъым - езым хуэдэхэм зэи закъыкIэригъэхуртэкъым, «Долэтыкъуэ и къуэращ» жаIамэ, нэхъыбэж ищIэну къызэщIиIэтэрт. Апхуэдэ дыдэуи гурыхуэт щIалэр, фIыуэ еджэрт, япэ ищхэм икIи щапхъэу къахьхэм халъытэрт. Хьэжмэт зэрысабийрэ пщэрылъ къыщащIыр ерыщу зэригъэзащIэм, и жэрдэмкIэ Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэр ныбжьыщIэхэм къазэрыхилъхьэм икIи ахэр зэрызригъэдэIуэфым къыхэкIыу, 1926 гъэм комсомолым хагъэхьауэ щытащ. Нэхъыжьхэр къызэрыщыгугъауи къыщIэкIащ: ар щIалэгъуалэм гъуазэ хъарзынэ яхуэхъуат. А илъэс дыдэм щIалэщIэр Краснодар (Бжьэдыгъукъалэ) дэта, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру щыта Адыгэ техникумым щIэтIысхьащ. Ар 1931 гъэм къеухри, Тэн Iус Ростов къалэм дэт, Кавказ Ищхъэрэ коммунист университетым и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну еджапIэ макIуэ. Архив тхылъымпIэхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Уадэжьдокъуэм университетыр зы илъэскIэ нэхъ пасэу къиухащ, еджэныгъэм къигъэув программэр къанэ щымыIэу игъэзащIэри.

Адыгэхэм тхэнымрэ еджэнымрэ зыщрат, тхылъ къыдэгъэкIыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щыщIагъэхуабжьэ лъэхъэнэт Хьэжмэт и щIалэгъуэ пасэр зыхиубыда илъэсхэр. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къэзыуха щIалэщIэм занщIэу IэнатIэ къратащ: ар Адыгэ тхылъ тедзапIэмрэ «Колхоз бэракъ» газетымрэ я редакцэ зэхэтым и зы къудамэм и унафэщIу ягъэув. Мыбы щыщыIа илъэсхэращ Уадэжьдокъуэм тхэн щригъэжьар. Псалъэм папщIэ, 1930 гъэм къыдэкIыгъа «Адыгэ щхьэхуит» усэ зэужьым «Адыгэ пщащэ», «Накъыгъэм и 1», «ГуащIэдэкI» зыфIища и усэхэр къытрадзэ. Уадэжьдокъуэм и усэхэр лъэхъэнэм хэмыкIуэдэжу къызэтезынахэм ящыщщ абыхэм я бзэр идеологием и шыбзэм щIэгъэкIа текст гъущэхэм къащхьэщыкIыу зэрыщытам, зэрызэIуща адыгэбзэм цIыхубэр дихьэхыу, ахэр зэIэпахыу, гукIэ зрагъащIэу къызэрекIуэкIам. Адыгэ тхыбзэм идогъэзагъэ жаIэурэ псэлъэкIэр хамэбзэ жыIэкIэм езыхулIэхэм Уадэжьдокъуэр и тхыгъэхэмкIэ япэщIэтт. Анэдэлъхубзэм къыпхуэмыIуэтэн зэрыщымыIэр зи фIэщ хъу Хьэжмэт и къалэмыпэми философие гупсысэхэр щызэпигъэувэ лэжьыгъи и Iэдакъэ къыщIэкIащ.



1934 - 1935 гъэхэм Уадэжьдокъуэм КъухьэпIэ Жыжьэм дзэ къулыкъур щрехьэкI. Къулыкъум здэщыIэм абы къыIэрохьэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Турчанинов Георгий 1944 гъэм Налшык къалэм къыщыдигъэкIа тхылъ цIыкIур. Ар Нэгумэ Шорэ теухуа къыдэкIыгъэрат. Адыгэ щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа узэщIакIуэм и хъуэпсапIэхэм щIалэр зыIэпашэ, адыгэбзэр кууэ иджыну гуращэхэр ирагъэщI, абы хуэфэщэн щIэныгъэ зригъэгъуэтыну трагъэгушхуэ. Къызэригъэзэжу Уадэжьдокъуэр Краснодар къалэм дэт, ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым бзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIотIысхьэ. ЩIэныгъэ хъарзынэ зыгъуэта щIалэр урысыбзэмрэ литературэмрэ щригъэджыну ягъакIуэ Мейкъуапэ щIэуэ къыщызэIуаха, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым. Уадэжьдокъуэр щIалэгъуалэм зэрахэта щIыкIэр нобэми ягу къагъэкIыж. Тхыгъэхэр зытеухуакIэ зэпкърах къудейм къыщымыувыIэу, ахэр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр къалъыхъуэну щIалэгъуалэр къыхуриджэрт, езыхэр зытет дунейм кърашэлIэурэ щапхъэхэр къыхуахьыну тригъэчыныхьырт. И дэтхэнэ псалъэри адыгагъэм къищтэмрэ къабыл имыщIымрэ я шыбзэм щIагъэкIыу зэпкъраплъыхьыну япиубыдырт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм егъэджакIуэ набдзэгубдзаплъэм Iэмал къритащ иужькIэ щIэныгъэм щIэж узыншэ зиIэ щIалэгъуалэ къыхишэну. Абы и гъэсэнхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, щIэныгъэрылажьэ цIэрыIуэхэу Пэнэф Увжыкъуэ, Мамий Руслан, ЗекIуэгъу Увжыкъуэ, Тхьэркъуахъуэ Инус, нэгъуэщIхэри.

Уадэжьдокъуэм ирихьэкI лэжьыгъэр пIалъэкIэ Хэку зауэшхуэм къызэтригъэувыIащ. Iэщэр IэщIэлъу бийм пэщIэта, и псэ емыблэжу Хэкум къыщыжа щIэныгъэлIхэм ящыщщ Уадэжьдокъуэр. Ар яхэтащ Берлин къэзызэуахэм, Рейхстагыр къэзыщтахэм. Псэм ипэ напэр изыгъэщу щытахэм Хьэжмэт зэращыщам щыхьэт тохъуэ 1944 гъэм къыхуагъэфэща «Вагъуэ плъыжь» орденыр, 1945 гъэм кърата «Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалыр. ЛIыгъэшхуэ хэлъу зэрызэуам и щапхъэщ Сталиным и фIыщIэ тхылъхэр абы зыбжанэрэ къызэрыратари. ЗауэлI къызэрыгуэкIыу зэуапIэм Iухьа адыгэ щIалэм 1943 гъэм капитан цIэр къыфIащащ, 1945 гъэм майору и Хэку къигъэзэжащ. Зауаем и мафIэсым ипсыхьам хуэдэу къигъэзэжащ Хьэжмэт. ЦIыху гъащIэм ипэ ибгъэщын фIыгъуэ зэрыщымыIэр, ар нэгъэсауэ къызэгъэпэща хъун папщIэ гуащIэдэкIым мыхьэнэшхуэ зэриIэр хьэкъыу пхыкIат.

Уадэжьдокъуэм Мейкъуапэ къызэригъэзэжу Адыгэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылэжьэну яунэтI. Мыбдеж абы IэнатIэ зыбжанэ къыщыхуагъэфэщащ: адыгэбзэ къэхутэныгъэхэр щекIуэкI къудамэми щылэжьащ, институтым и унафэщI къалэнри и пщэ къыщыдалъхьи къыхэкIащ. Хьэжмэт щIэныгъэхутэ институтым и пашэу ягъэуври, 1943 - 1953 гъэхэм а къулыкъум пэрытащ. Абы иужькIэ адыгэбзэмкIэ къудамэм и унафэщIу, абы и лэжьыгъэр иунэтIу илъэс IэджэкIэ Iуэху ещIэ. Сыт хуэдэ IэнатIэм пэрымытами, щIэныгъэлI щIалэр зи ужь итар зы Iуэхугъуэщ - адыгэбзэм и пщIэр хэгъэгум къыщыIэтынырщ, газетхэм, журналхэм, радиом щызекIуэ лъэпкъыбзэр къабзэ щIынырщ, егъэфIэкIуэнырщ. ЩIэныгъэлIым къыгурыIуэрт кIуэ пэтми тепщэныгъэр зыубыд урысыбзэм анэдэлъхубзэр къыжьэдикъуэ зэрыхъур. Апхуэдэу щытми, къэрал псом щызекIуэ бзэр зымыщIэ ныбжьыщIэм и Iэмалхэр нэхъ кIащхъэ хъункIэ шынагъуэ зэрыщыIэри зыхищIэрт. Ардщ абы адыгэ бзэщIэныгъэм зэлъытыныгъэр Iэмалыншэу хэтын хуейуэ къыщIигъэувар.

Уадэжьдокъуэм къилъытэрт зи гъэпсыкIэр фIыуэ зэщхьэщыкI бзэхэм - адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ - зэщхьу хэлъхэм, зэщхьэщыкIыныгъэу яIэхэм гулъытэ ягъуэтын, абы тещIыхьауэ еджэныгъэр къызэгъэпэщын хуейуэ. ИкIи и къару ирихьэлIащ а еплъыкIэр гъащIэм хэпщэным. Iуащхьэмахуэ Даут курыт еджапIэхэм папщIэ зэхигъэува тхылъхэм хэплъэжу, ахэр зэманым къигъэув бгъэдыхьэкIэхэм тету зэригъэзэхуэжу, методикэ щIэныгъэм къихута щIэщыгъуэхэр яхиухуанэу Уадэжьдокъуэм лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Адыгэбзэр зэрызрагъащIэ тхылъхэм къадэкIуэу, лъэпкъ еджапIэхэм урысыбзэр зэрадж тхылъ зыбжани Уадэжьдокъуэм зэхигъэуващ. Къуажэдэс сабийхэм я анэдэлъхубзэм къыпкърыкIыу хамэбзэр егъэщIэныр Iэмал гъуэзэджэу къыщIэкIащ, уеблэмэ бзэхэр зэлъытауэ джыныр иужькIэ щIэныгъэми лъэ быдэкIэ щыуващ.

Адыгэбзэм зыужьыпIэ хуэхъуну Iэмалхэм зэпымыууэ егупсыс Уадэжьдокъуэм зэдзэкIакIуэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэу ибжырт. Абы къилъытэрт тхакIуэшхуэхэмрэ усакIуэшхуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр адыгэбзэм къыщибгъэтIасэкIэ, адыгэхэр зыхуэмыза е яцIыхуу щымыта Iуэхугъуэ куэд къызэрыхэкIынур, абыхэм я къэIутэкIэ хъуным Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр ещIэкIа зэрыхъунур. Хамэбзэ псалъэр зэрыщыту бзэм къыхыхьэныр е псалъэм адыгэ фащэ щитIагъэу къыхэувэныр зыужьыныгъэ Iэмалхэм зэращыщым тригъэчыныхьырт щIэныгъэлIым. И Iуэху еплъыкIэхэр зэрылажьэ щIыкIэр игъэунэхужын папщIэ, Уадэжьдокъуэм Лермонтов Михаил и «Ди зэманым и лIыхъужь» романыр, Грин Эльмар и «Жьыбгъэр къухьэпIэмкIэ къокI» повестыр, Короленкэ Владимир «ЩIы щIагъым щыпсэу сабийхэр» рассказыр, нэгъуэщI классикэ тхыгъэ зыбжани адыгэбзэм къзрилъхьащ. ЩIэныгъэлIым зы тхыгъэ хьэзыр ищIыху, ар адыгэбзэм къыщригъэзагъэм зыIууа Iуэхугъуэхэр къыщызэщIикъуэж щIэныгъэ статьяхэр «ЩIэныгъэ тхыгъэхэр», «Зэкъуэшныгъ» журналхэм къытрыригъадзэрт, газетхэм яритырти, и гупсысэхэмкIэ цIыхухэм ядэгуашэрт. Жэрдэм ищIу зэувэлIа Iуэхугъуэхэм иужькIэ кандидат къэхутэныгъэшхуэ Уадэжьдокъуэм кърищIыкIащ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я ягъэкIэ ар абы пхигъэкIыну хунэсакъым. Ауэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIар къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм щIэныгъэлIым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм къигъэлъэгъуащ.

Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт къарушхуэ ирихьэлIащ адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэгъэувэным. Псом япэу къыхэгъэщын хуейри абы и нэIэ щIэту 1960 гъэм дунейм къытехьа «Урыс-адыгэ псалъалъэ» лэжьыгъэшхуэращ. Псалъалъэр и гъэпсыкIэкIи, къызэщIиубыда псалъэхэм я гъэнэхуэкIэкIи зэгъэпэща хъуащ. ЩIэныгъэлIыр мазэ бжыгъэкIэ Мэзкуу дэсат псалъалъэр тедзэным хуэзыгъэхьэзырхэм ядэIэпыкъуу, зыIууэжа щыщIэныгъэхэр зэригъэзэхуэжу, гулъытэ зымыгъуэта Iуэхугъуэхэр хигъэувэжу. Адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ зэлъытауэ джынымрэ тхыгъэхэр зэдзэкIынымкIэ щIэныгъэлIым зригъэгъуэта IэпэIэсэныгъэр мыбдеж хуабжьу къыщыхуэщхьэпэжат, зэхигъэувэгъа картотекэшхуэм ифI къекIыжат.

1968 гъэм къыдэкIауэ щыта «Адыгэбзэ орфографическэ псалъалъэр» зэхэзыгъэувахэм ящыщщ Уадэжьдокъуэр. Мы псалъалъэм и пIэм иригъэуващ псалъэ куэдым я тхыкIэр, зыкъомкIэ иубзыхуащ щIыпIэ псэлъэкIэхэмрэ жыIэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ я гъунапкъэхэр. Литературэбзэм и лъабжьэр нэхъ куу ищIа къудейм къыщымынэу, къигъэхъуапIэ хуэхъуну Iэмалхэр къигъэлъэгъуащ а псалъалъэм.

ЕгъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм нобэр къыздэсым я гъуазэщ 1975 гъэм Уадэжьдокъуэр зи пашэ щIэныгъэлI гупым Мейкъуапэ къыщыдагъэкIа «Адыгэ-урыс псалъалъэр». Хьэжмэт къылъыса лэжьыгъэм и инагъыр кърибгъэлъэгъуэну ирикъунщ абы хьэрф 15-м къызэщIаубыдэ псалъэхэр зэрызэщIигъэуIуам, я мыхьэнэхэр зэригъэнэхуам.

ЗыщIэхъуэпса Iуэхугъуэ куэдым я гъунэ ирилъауэ, ауэ зэфIэхыгъуэ-зэблэгъэкIыгъуэ имыхуэу щIэныгъэлI емышыжыр 1979 гъэм дунейм ехыжащ. Абы къыщIэна Iэрытххэм яхэлъщ статья гъэщIэгъуэнхэр, тхылъ щхьэхуэхэр, псалъалъэм щхьэкIэ игъэхьэзыра псалъэгъэнахуэхэр. Уадэжьдокъуэм и щIэиныр къызыхуэна щIэныгъэхутэ институтым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ахэр дэтхэнэри къэхутэныгъэ щхьэхуэ ирокъу, зэхуэхьэсыжауэ зы щIэныгъэ зэужьу къыдагъэкIынуи я гугъэщ.

ЩIэныгъэлIхэм ноби фIыкIэ ягу къагъэкIыж Уадэжьдокъуэр. «ЦIыхур пхэкIыжа нэужь нэхъ уогупсыс, - дыкъыщоджэ Тхьэркъуахъуэ Инус и зы тхыгъэм. - Iэмал имыIэу бгъэдэлъа фIагъхэр уигу къокIыж, уигу хунэмысу хэлъахэри зыбогъапщэ. Хьэжмэт фIыщIэ щIыхуэпщIын, и гугъур дахэкIэ щIэпщIын защIэщ къигъэнар. Зауэм и нэгу щIигъэкIам ткIий ящIами, пхъашагъ хэлъакъым, егъэлеяуэ берычэтт, ифI нэгъуэщIхэм яригъэкIыну хущIэкъуу зи гъащIэр зыхьа цIыхут. Гулъытэшхуэ иIэт, гущIэгъушхуэ хэлът. Зауэм къимыкIыжа и ныбжьэгъухэм я щIэблэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэн папщIэ яхуищIар къыпхуэмылъытэну инщ, хэбгъэзыхьмэ, къэплъхуабыным хуумыщIэфынкIэ хъунщ абы хузэфIэкIар - еджапIэ щIигъэтIысхьащ, куэдым лэжьыгъэ IэнатIэ зрагъэгъуэтынкIи ядэIэпыкъуащ. Лъэужьышхуэ къыщинащ Хьэжмэт щIэныгъэми. Абы псалъалъэ зэхэгъэувэным хуищIа хэлъхьэныгъэр ин дыдэщ. Иджыри къыздэсым дыхуоплъэкI, зыдогъэзахуэ, къыхыдогъахъуэ. Шэч хэлъкъым, адыгэ зэхэщIыкIым и лъагъуэхэш лъэщ хъуат нэхъыжьыфIыр».

ЦIыхум и цIэр къраIуэху псэущ, жаIэ. Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт уахътыншэхэм яхыубжэ хъунущ, и гъащIэмрэ къызэринэкIа Iуэхугъуэхэмрэ щIэблэм узэщIапIэрэ гъуазэрэ яхуэхъуу.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

## «ЖыпIэм щыщ зэхахыху упсэунщ…»



Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым литературэмкIэ и лауреат, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан и къалэмыпэм къыщIэкIащ «Пшэ хужькъэр» (1972), «Удз толъкъун» (1977), «Гъэрэ щIырэ» (1979), «ШэсыпIэ» (1983), «Си махуэуэ си хуарэ» (1987), «НатIэм къритха» (1997), «ЩхьэегъэзыпIэ» (2003), «Къэгъэзэжыгъуэ» (2009), «Сонетхэр» тхылъ телъыджэхэр, нэгъуэщIхэри. КъыщынэмыщIауэ, Лермонтов Михаил адыгэхэм ятриухуа поэмибгъур Ацкъаным екIуу адыгэбзэм къригъэзэгъащ. Ахэр щэнейрэ дунейм къытехьащ.

Литературэм и сыт хуэдэ жанр хэлэжьыхьми, Руслан лъэпкъым и блэкIам, и нобэм дыхегъаплъэ, гъуджэм къыщым хуэдэу, цIыхухэр дахагъэм, гуапагъэм, фIым дыкъыхуреджэ. И усэхэми новеллэхэми философие гупсысэ куу ящIэлъщ, гъащIэм и купщIэм и жэуапыр къыщилъыхьуэу. УсакIуэм фIыуэ къохъулIэ литературэм и къалэн нэхъыщхьэр игъэзэщIэныр. Ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ Ацкъан Руслан и усэщIэхэр.

# КъэзгъэщIам щыщ куэд си напщIэм телъщ

* * *

Къыщхьэщытщ си унэм зы нэху гуэр,
къэзыухъуреихь пшэхэм яку къыдэщу.
Нэр абы теплъызэу жэщыр кIуэнщ,
псыкъуий лъащIэм сиплъэ зэм къысфIэщIу.

ДэкIуеипIэм щэхуу сэ сытесщ,
унэм зыри къыщIэмыкI, щIэмыхьэ.
КъэзгъэщIам щыщ куэд си напщIэм телъщ,
ауэ куэдми си лъыр зэIагъэхьэ.

Си гур мо къабзагъэмкIэ згъэнщIынщ,
мыхъей пшэхэр зэхуэмыкIуэ щIыкIэ.
Уафэм и кууагъыр зыхэсщIэнщ,
си гукъуэпсхэр иригъэсу щIыIэм.

Сызэгупсысынур Iэджэ мэхъу,
зым имыщIэ си гур щыпсэхунур.
Нэхур здэщым зэхэсхынщ кIыргъ макъ,
къысщигъэхъуу хэщэтыкI си унэр…

* * *

Бгым хуэкIуэ лъагъуэм псынэм нэс сишащ,
къэгъэш хэмыту, хуэдэу сигъэпIащIэ.
СыкъикIырт жыжьэ, мащIэуи сешат,
арщхьэкIэ къысхохьэжыр къаруущIэ.

Сэ, щхьэщэ зыщIым ещхьу, зызогъэщхъ,
псынэпсым щыщ си Iэгум къызогъахъуэ.
Зэхэзещхъуэн сищIауэ арагъэнщ,
зэрыхъур псынэр нэхъ Iэнкун солъагъур.

Гур Iэджэм хуэжэу сэ сыхоплъэ псым,
блэкIауэ хъуар къеблыжу фIэкI сымыщIэ.
Етащи хуабэр, мы дунейр есыж,
сыт псынэр щIыIэм исy къыщIысфIэщIыр?

ЩIы щIагъыр хъунщ и нэгум къыщIыхьэж,
абы къигъэщI гупсысэм хэт нэсыну.
«А пIыгъым ефэ е къысхэгъэхъуэж!» –
сэ зэхызохыр и макъ щэхур псынэм…

* * *

Сыкъэуэшащ! МахуэщIэр Iутщ бжэIупэм.
Абы нэхъ хьэщIэ лъапIэ къыпхуэкIуэн.
Сыпсэущ! Сэ нобэ къыспэщылъщ Iуэху куэд.
Дунейми зэтехьэжыркъым и Iупэр.

Псэхугъуэр бахъэ нэхуу щIым къыхокI.
Си гугъэ тепыIэншэр зэм сIэщIокI.
Зы закъуэщ си гупсысэр къезыхуэкIыр:
сошынэ мис а псом нэ тезгъэхуэнкIэ.

* * *

Си псэукIэм зыри уэ хэпщIыкIкъым,
уи псэукIэм щыIэкъым хэсщIыкI.
Укъинами сигу сыт хуэдэ щIыкIэу
къысхуэмыщIэжын, ухуейм сыукI.

Дыздэщхьэщытауэ зы щыхупIэ
къыщысфIэщIи къыхэкIынкIэ мэхъу.
«Умышынэ!» – зэхэсх хуэдэщ жыпIэу,
си гур зыпэджэжри уи макъщ.

Сыту лъапIэ а зы псалъэ закъуэр,
ар къысфIэщIым щыщуи къыщIрекI.
Уи фIэщ хъумэ зыгуэр къыпхуэсакъыу,
тегушхуауэ гъащIэри йокIуэкI.

Сыту фIы узыщыгугъ уиIэну
нэхъ ппэIэщIэу, фякум дэлъу гъуэгу,
уигу щыбгъафIэу зэ абы жепIэнур,
къыщIэбгъэхьэу зэрыжепIэр нэгу.

Уэ хэпщIыкIкъым си псэукIэм зыри,
сщIэр сэ сыт узэрыщыIэм фIэкI?
Мис а тIэкIур, согупсысыр зэми,
гъусэу сиIэ Iэджэми йофIэкI…

* * *

Сурэттехщи уэгум итыр вагъуэу,
еуэ трагъапкIэ, трагъапкIэ.
Трахам щыщ гуэри уагъэлъагъукъым,
арэзы мыхъуарэ трахамкIэ.

Гъэмахуэкущи, бжьизщ зэрыхъур жэщыр,
Iэджи къонэ сурэт трамыхыу.
Я нэхъыбэр къызэрикIыр жейуэщ,
арагъэнущ вагъуэм ягу темыхуэр…

* * *

Уэзрыхуейуэ псори хъурэ,
щыбгъунлъи гъащIэр къыхэкIынщ.
Узыфэ гуэр къыплъыкъуэкIынщ
е къопщIыжынщ укъэзыхъумэр.

Уэзрыхуейуэ псори хъумэ,
мы гъащIэр бужэгъункIэ хъунщ.
Езым зыгуэрхэр бгъэщIэхъунщ,
къыпэпкIухьынщ укъэзыхъумэм.

Ущоуэ, пфIэщIмэ упсэхуну,
щызекIуэр уи псэр уафэ щIагъщ.
НэгъуэщI зыгуэру упсэуну
Iэмал къэгъуэти – сыгъэлъагъу…

* * *

Мыр сыт хэплъэкIэ, си Iуащхьэжь,
сэ уи щытыкIэм сехъуэпсэжти.
Зыгуэрхэм сэри сигу хагъэщI,
сыщыIэщIыхьэр куэдрэщ зэшым.

Мызагъэ си псэм щыщ ухъуащ,
узэримыкIым хуэдэу уи пIэм.
Зы лъагъуэ нэкIэ солъыхъуэж,
еуэкIыу ар щытати уи бгъэм.

СыпхуэгумащIэщ, си Iуащхьэжь,
сэ къызгуроIуэ уэ къоузыр.
Слъагъу хуэдэщ: хъууэ щытмэ жэщ,
мэтхытх уи щIыфэр, зекIуэу удзыр.

Уи лъабжьэр быдэу хэткIэ щIым
зэфIэкIкъым, Iэджэщи хъуэпсапIэр.
Сыт бжезмыIами уэ ущымщ,
къысфIебгъэщIынущ щхьэхуэпсалъэ...

* * *

ЩIызодзэ гугъэкIэ псэуни,
сигу ирихьыжыркъым си унэр,
си пщIантIэр зэву къысщохъуж.
Зэгуэр гъуэгу жыжьэ сытехьакъым,
иджы абы сыхущIогъуэж.
Щызухуэу лъапсэ адэжь лъахэм
иджыри къэс сыкъэпсэуащ.
ЗгъэкIуатэу нэкIэ щыта лъагъуэр
здэщыIэм егупсыс сыхъуащ.
Си унэр щIын сэ зэрызухрэ
къызгурымыIуэ сызезыхуэр,
си гупэр гъуэгумкIэ гъэзащ.
Мис, нобэ гуэрым ситщ пщIантIэкум.
ФIыуэ слъагъу пшэхэр тетщ я гъуэгум,
сыздэмыкIуамкIэ къикIыж хъунщ.
Я нэгум къищрэ пэт гукъанэ,
сщхьэщокIыр щыму, ещхьу бзагуэм.
Схуэфащэ гуэр къызахъуэнынт,
си жагъуэ хъунущи – къагъанэ…

* * *

Гум телъ лъэужь. Ар ямылъагъу къыпфIэщIми,
зэм-зэмкIэ, блэкIыр щыщтэу, нэм къыщIощ.
Зэм дэпым хуэдэщ, къресыкIыр гущIэр,
мыл кIанэу языныкъуэм ар къыпфIощI.

КъызыхэкIар умыщIэ узщ ар зэщхьыр,
ди гущхьэр къыщIыхихри зыщIэр хэт.
Гум телъ лъэужь. Сэ ар зищIысыр сощIэ,
си гуапэ пщIынщ – зымыщIэ къысхуэгъуэт…

* * *

Нэху зэрыщрэ къосыр уэс Iущабэ,
къиIущэщыр си лъым къыхыхьащ,
сыту псынщIэу хъуа си дежкIэ лъапIэ.
Догуэт, дэнэ ар щызэхэсхар?

ЗблэкIа пщащэр езгъэщхьащ зыгуэрым,
къызэджэн къысфIэщIу, зызоущэху.
ФIыуэ слъагъу хъыджэбз сиIат зэгуэрым,
сыт сымыщIэм, сигу ар схуимыгъэху.

СепцIыжа къысщохъур си щIалэгъуэм,
сыту куэдым сэ сыхъуа хуэдэгу.
КъэзгъэщIам сыхэплъэжа сыт щыгъуэ,
мы жэрыжэм сыхэкIуэту тIэкIу?

Слъэгъуам фIыуэ нэхъыфIщ сыхуэмызэм,
насыпыфIэу ар къысщызгъэхъунщ.
ГукъэкIыжхэр зэм сэ къызоIэзэ,
зэми узым уз къысхущIагъунщ.

Щегъэтыжыр зэуэ уэс Iущабэм,
и гуапагъым хуэдиз и щIыIагът.
Сэ сыхоплъэ къысщхьэщыхьэ пшапэм,
сымыщIэж нэхъей сыздэщыIар…

* * *

Аргуэру махуэ зэзгъэдзэкIащ.
Езыми сыкъызэринэкIащ,
КъыщIэздзэжын хуей хъуащ щIэрыщIэу,
къыщезгъэжьэнуращ сымыщIэр.
НатIэм ит гуэрхэр щратхъыкIыж
зэманыр къэсауэ къыщIэкIынщ.
НатIэм итым зыгуэр къыщыщIагъу
лъэхъэнэу слъагъур зэм къысщохъу.
А псом ухэту уи гур псэхун?
Дауи ирехъуи – хуейщ сыпсэун.
Аргуэру махуэ зэзгъэдзэкIащ.
Ар сыту кIыхьт, икIи сыту кIэщIт…

* * *

Нэм илъагъум хуэсщIыжыркъым дзыхь,
нэхъыбэIуэрэ си гур згъэплъэнут.
Гугъэр куэдрэ хузощI щхьэузыхь
къыщIэхуам псом нэхъапэм и лъэгум.

Зэхэсхын хуейм щыщ куэд зэхэзмых,
зым щымыщыр тхьэкIумэм схуигъэкIкъым.
Бжэр, щыуагъэ къэкIуам, хуIузох,
Iущ сымыхъуу си гъащIэр йокIуэкIыр.

Къыхэсхынур сэ дэнэ щысщIэн,
Къыхахынур езыхэм ялъагъур.
Хуейуэ тIощIрэ фIыщIэ хуэщIын
къыщIедзыж языныкъуэ щыуагъэм…

* * *

Дыгъэм и бзийхэр щоджэгу джабэ нэкIум,
ещхьу сабийм, щогуфIыкIхэр дунейм.
Уэгур и гъуэгуу пшэ закъуэ докIуей,
къэзыгъэнахэр здэщыIэрщ ар здэкIуэр.

Сыту куэд щIа си джэгугъуэ зэрикIрэ,
ауэ сэ нобэ сащIынкъым емыкIу,
джэгухэм задэсщIу сыкъихьэм утыку,
гъусэм лъыхъуэжым сыгухьэмэ сигукIэ.

ФIыт зэрызмыщIэр мы гъащIэр зищIысыр,
ахъумэ гуфIэгъуэм хэщIынкIэрэ хъунт.
НобэкIэ сигу хэзыгъахъуэр слъагъунщ,
сщIэнур пщэдей хремыкI си гупсысэм.

Дыгъэм и бзийхэр щоджэгу джабэ нэкIум,
зэщIикъуэжынухэщ, куэд мыщIэу зейм.
Си гъащIэм къухьэпIэмкIэ зигъэзащ,
сыкIэлъымыкIуэу зысIыгъщ дыгъэр здэкIуэм.

* * *

«Сыпсэун, къэзгъэщIар ирикъун?» –
щIыIэ-щIыIэу сигу къокI зэзэмызэ.
Сыт сымыщIэм абы сэ семысэ,
икIи слъэкIкъым ар щхьэм изгъэхун.

«Утезашэм дунейм, нэхъ Iеижщ», –
хужысIэжыр аращ зэми си щхьэм.
Куэд и нэгум щIэкIауэ, и жьыщхьэу
ар си адэм жиIауэ сощIэж.

«Сыпсэун, къэзгъэщIар ирикъун?» –
согупсыс – псом хуэмыдэу щIымахуэм.
Мыр къысфIощI жызэпихум и макъыу:
«ЖыпIэм щыщ зэхахыху упсэунщ…»




● ЖыIэгъуэхэр

## Хэплъыхь псори Iыхьэншэкъым

- Хамэщlыр щlы хьэхущ.
- Хамэщl щылъэщри хэкужь щlобэг.
- Хасэм зыхамыгъэхьэр унэм щосэхъу.
- Хахуэр утыку щыщабэху, щабэм утыкур иlыгъщ.
- Хэкужь пщlыхьым хамэщl ущигъэжейркъым.
- Хэплъыхь псори lыхьэншэкъым.
- Хэlущlыlу умыщlынум зегъэпlий.
- Хэти укlытэр къытоклуэ, хэти укlытэм токlуэ.
- Хэти щlалэщи делэщ, хэти делэщи щlалэщ.
- Хэт шы дахэ мыжэщ, хэти шыд жэрщ.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● ГушыIэ

## Хъуэжэ и кIий макъыр уэрэд зэрищIыжар

Хъуэжэ джэгум къыхэкIыжауэ зы уэрам кIыфI гуэрымкIэ къэкIуэжырт. Ар бэлэрыгъауэ бжыхьым бгъурыту къыздэкIуэжым, зы хьэ гуэр пабжьэм къыхэцIэфтри, и цеикIэм къепхъуэри блэжащ. Хъуэжэ абы къигъащтэри, и къарум къызэрихькIэ «Уа-а-а!» - жиIэу, кIийуэ щIидзащ.

Хъуэжэ и кIий макъыр мыужьыхыж щIыкIэ, дыхьэшх макъ и щIыбагъымкIэ къыщыIуащ. КъеплъэкIри, къилъэгъуащ езым кIэщIу и ужь иту къэкIуэж зыпылъ хъыджэбзымрэ абы и ныбжьэгъумрэ. Ахэр къызэрилъагъуу Хъуэжэ и кIий макъ «уа-а-а»-м нэхъри зригъэIэтри, «рау-ри-ра-рий!» - жиIэу пищэжащ, къащтэу зэрыкIияр уэрэд жиIэ хуэдэу хъыджэбзхэм къафIигъэщIыну икIи зыфIимыгъэIуэхуу лъэбакъуэ хуабжькIэ ежьэжащ.



● Шхыныгъуэхэр

## Джэдыл гъэва, прунж гъэлыгъуа хэлъу

Мыр щапщэфIкIэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар г 30 - 40 хъу тыкъыр цIыкIуурэ зэпаупщI е зэпауд, ятхьэщI, псы щIыIэм халъхьэри, зэ къытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр трах, шыгъу хадзэ, мафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэжри, нykъуэвэфI хъуху трагъэт, тхъурымбэр къытрахыурэ.

Адэкlэ прунжыр зэхащыпыкl, ялъэс, кхъузанэм иракlутэри ягъэгъущ, тхъу зыщыхуа тебэм мыlув lейуэ иракlутэ, чымчыркlэ зэlащlэурэ тхъуэплъ хъуху ягъэлыгъуэ. Итlанэ ягъэупщlыlури щlагъэпщыж. Ар джэдыл вэм хакlутэ, зэlащlэ, шыуаныщхьэр трапlэжри, мафlэ цlыкlум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. И къытехыжыгъуэм деж лэпсри щlэвэщlауэ, прунжри вауэ, зэкlэрыщэщу щытын хуейщ.

Хьэзыр хъуа ерыскъым шыбжий сыр зыхэлъ бжьын гъэлыбжьа хадзэри, шыуаныщхьэр тепlауэ дакъикъэ зыщыплlкlэ пэшхьэкубгъум трагъэт. Пщтыру яшх. Щlакхъуэ дашх хабзэщ.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):*** джэдылу - г 600, прунжу - г 300, тебэщыхуэ тхъууэ - г 30, псыуэ - г 1200-рэ, бжьыныщхьэу - г 50, бжьыныр зэрагъэлыбжьэн тхъууэ - г 60, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● Теплъэгъуэ

## Адэшхуэр IэфIщ

Пщэдджыжь къэс дадэ жьыуэ къыщIэкIырт, пщIантIэм щыпэщащэрт, абы иужь и нысэхэм зыкъаужьырт. Къыбгъэдыхьэурэ къыщIэупщIэрт, гуапэу дэтхэнэри къелъэIурт я деж щIыхьэу ядэшхэну. Дадэм къуитху иIэт. Псори зэгъунэгъуу, зы пщIантIэу, бжыхьи я зэхуаку дэмыту псэурт. Нысэхэм яужь къуэрылъхухэр къэтэджырт. ЩIалэхэр, хэт лажьэрт, хэти еджэныр нигъэсырт. ЩIалиблыр къуэрылъхут. Ахэрат дадэр зыпэплъэр. Зэрахабзэу, дадэр зыбгъэдэс нысэ нэхъыщIэм и деж псори къекIуэкIырт, пщэдджыжьышхэ дадэм дащIырт. Дадэр ежьэртэкъым и къуэхэм, я Iуэхуи зэрихуэртэкъым, и къуэрылъхухэм яхэст. Нысэ нэхъыжьхэри къыщIыхьэрти, ифIэфI япщэфIахэри Iэнэм къытрагъэувэрт, къахэмыпсэлъыхьу щIэкIыжырт.

- Сызэрывэлъэlуар зыщывмыгъэгъупщэ, - щабэу жеIэ дадэм.

- Умыгузавэ, дадэ, нобэ зэфIэкIынущ.

Къуэрылъхухэр щIокI, псоми къалэн яIэщ, дадэм IэплIэ хуащIурэ зэбгрокI.

Дадэм шкIэхэр дехури докI, джабэ лъапэм щызэхэс и ныбжьэгъухэм, ахэри куэд хъужыркъым, яхотIысхьэ, гуфIэу яжреIэ:

- ЩIалэхэм нысащIэ нобэ къысхуашэнущ, ежьахэщ, фэри зывгъэхьэзыр, фэращ си жьантIэм дэсынухэр.

Дадэхэри къыпогуфIыкI, я щхьэхэр гуапэу къыхуащI.

Апхуэдэу махуэ къэс, апхуэдэу пщэдджыжь къэс... Дадэр къагъэгугъэурэ, къыпэпсэлъэжи къахэмыкIыу, гуапэу IэплIэ къыхуащIурэ зэбгрокI...

Зы пщэдджыжь гуэрым дадэ, зэрихабзэу, жьыуэ къыщIэкIакъым. Щабэу, еншэу зэрыпсэуам хуэдэу, макъыншэу дунейм ехыжащ. ГуфIэр иджыри зи нэгум имыкIа дадэ щылът, нурыр къыщхьэщихыу. И къуэрылъхухэр зэщыджэу гъырт.

Куэд щIауэ и акъылым имытыжми, абыхэм адэшхуэр фIыуэ ялъагъурт. Ялъагъурт я псэм хэлъу. Зи макъ лъагэу Iэтауэ зэхамыха дадэ къалъыхъуэнущ абыхэм куэдрэ. Абы и жьауэр, ар жьауэ дахэт, щабэт, IэфIт.

**БАГЪ Марьям.**



## Къундуз

● Псэущхьэхэр

Ди щIыпIэм къундуз лъэпкъыгъуитI щопсэу – зыр мэзхэм, адрейр бгылъэхэм. Теплъэ дахащэ зиIэ псэущхьэхэщ: я фэр цы хуабэкIэ щIэуфащ, я кIэхэр дахэщ, кIыхьщ. Я инагъкIи зэрызэщхьэщыкIышхуэ щыIэкъым. Я кIыхьагъыр см 43-50, я хьэлъагъыр кг 1,5-2-м нос, кIапэ дэгъуэ япытщ. Зэ IуплъэгъуэкIэ зэрызэхагъэкIыр я пщэм деж иIэ дамыгъэрщ: мэз къундузым и пщэр и лъабжьэмкIэ ехыу гъуэжьщ, къурш къундузым ейр хужьщ.

Абыхэм я шхыныгъуэр куэду зэхэлъщ: къэкIыгъэ, мыIэрысэ, кхъужь, пыжь, дзыгъуэ, хьэпщхупщ, къуалэбзу.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

### Джэджьейм и щыуагъэр

Джэджьейм, джэдыкIэм къипща къудейщи, джэдыкIампIэр ауан ещI: «Уа, феплъыт мыбы – нэщIыбзэщ, зы сэбэп игъащIэкIэ иIэнукъым!»

Ар щызэхихым, джэдкъуртым жиIащ: «Е, делэ цIыкIу, апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ? А джэдыкIампIэм уилъу укъэхъуащ уэ. Аращ, дунейм укъытехьэху, узыхъумар. Зэи ар зыщумыгъэгъупщэ».

### Шыд-унафэщI

Шыдыр гъуэгубгъум ягъэуват, блэкIхэр ибжыну къалэн щащIри. Зыкъомрэ ибжащ, нэгъуэщI Iуэху зэримыхуэу. ИтIанэ блэкIхэм ятекIиеу, унафэ яхуищIу щIидзащ. «Нэхъ псынщIэу фыкIуэ! ИжьырабгъумкIэ вгъазэ! СэмэгурабгъумкIэ дэвдзых!»

Апхуэдэурэ шыдыр унафэщI хъуащ. Ауэ аратэкъым гъэщIэгъуэныр, атIэ псори абы зэредаIуэрат. Зыри пэувыртэкъым, ар уэ уи Iуэхукъым, жиIэу. Псори есат нэхъ ину кIийм едаIуэу.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Унэм е Iэнэм и нэхъ тIысыпIэ лъапIэу нэхъыжьым, хьэщIэм хуагъэфащэ. **7**. КIапсэ тешамкIэ шэр зэраутIыпщ Iэщэ лIэужьыгъуэ. **9**. ЦIыхум, псэущхьэм я пкъым щыщу нэ, пэ, жьэ, тхьэкIумэ сытхэр хыхьэу пщэм фIэтыр. **11**. Iузэу, чэнжу дэха уэх, къуэ. **12**. ГъущIым къыхэщIыкIа Iэмэпсымэ, пхъэхэкIхэр иризэпаупщIу, ираIущIу къагъэсэбэп, зы лъэныкъуэмкIэ жану, адреймкIэ тIыгу иIэрэ кIы фIэлъу. **13**. Хьэжыгъэ зэраухуэнщI е нэгъуэщI ерыскъы зыщIагъэкI, зи щIэр хъару щыт хьэпшып. **18**. Мэзым щыпсэу псэущхьэ Iэл цIыкIу, кIэ бырыбышхуэ пыту. **19**. Унагъуэм къеблагъэ цIыху. **20**. ПсыпцIэ къуалэбзу лъэпкъ, и пщэр, и лъакъуэхэр кIыхьу. **22**. ЗэIыхьлы унагъуэхэр зыщыщ зы лъэпкъым фIащауэ ижькIэ къыдекIуэкI лъэпкъыцIэ. **23**. Къыкъуэуууэрэ къепщэ жьы.

***Къехыу:*** **1**. Язынынкъуэ Iэщхэм я щхьэм къыхэкI къупщхьэ папцIэ. **2**. Пшапэ зэхэуэгъуэмрэ пщэдджыжь нэхущымрэ я зэхуаку дэлъ зэман. **3**. Хьэуам щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ зэхуэхуса щыхъу псы бахъэ. **4**. Бжьын-бжьыныху лъэпкъыгъуэм щыщ къэкIыгъэ. **6**. Нэбгъу лъэныкъуэмкIэ напIитIыр щызэхыхьэ. **8**. ЩIапIэ, хадэ сыт хуэдэхэр кърагъэбыдэкIын щхьэкIэ бжэгъум чы, банэ дадзурэ яхур. **10**. МэкIэ Iэзэ хьэ лъэпкъ. **14**. Макъ гуэрхэр игъэIуу, пкIэуэ къэзыкIухь псэущхьэ цIыкIу. **15**. Щхьэгъубжэ, сценэ хуэдэхэр ирихуащIыну Iуапхъуэ щэкIхэкI. **16**. Къэзыпщыхь псэущхьэхэм: блэ, шындырхъуо, хьэмбылу сыт хуэдэхэм я гъуэ. **17**. ЩэкI Iув лъэпкъыгъуэ, пхъашэу зэIущауэ. **20**. Зи къуэпсхэр щIы щхьэфэм щызэбгрыж къэкIыгъэхэм ящыщу бгъавэу, бгъажьэу пшхы хъу хадэхэкI. **21**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ лырышхэ хьэкIэкхъуэкIэ цIыкIу.

*Зэхэзылъхьар* ***БИЦУ Жаннэщ.***

**Дыгъэгъазэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Ажэгъуэмэ. **5**. КIыщ. **7**. Кумб. **8**. Дыжь. **10**. Сабын. **11**. Хьэрэм. **13**. Жин. **14**. Япэ. **15**. Шей. **18**. Адэжынэ.

***Къехыу:*** **1**. Бжы. **2**. Умэ. **4**. Гуимэ. **5**. КIэсыж. **6**. Щыбын. **8**. Дурэш. **9**. Жьэмей. **12**. Гупыж. **16**. Гъудэ. **17**. Гъунэ.



● Гъэлъэгъуэныгъэ



# Лиуан и ІэдакъэщІэкІхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ балъкъэр художник, график, скульптор, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Ахматов Лиуан и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Вечная дорога» выставкэр. Ар къызэрагъэпэщащ сурэтыщІыр къызэралъхурэ илъэс 65-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ.**

- Художник Іэзэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ Ахматов Лиуан и лэжьыгъэхэм деплъыну Іэмал дызэриІэр гуапэщ! СурэтыщІ гъуазджэм и лІэужьыгъуэ зыбжанэм Лиуан хэлъхьэныгъэфІхэр хуищІащ. И лэжьыгъэ щхъуэкІэплъыкІэхэм нэр ягъэгуфІэ къудей мыхъуу, гупсысэ ини зэращІэлъым укъагъэуІэбжь, – жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іэминэ. – Лиуан и лэжьыгъэхэм къыщегъэлъагъуэ и щІыналъэмрэ абы щыпсэу цІыхухэмрэ зыхилъхьэ щымыІэу фІыуэ зэрилъагъур, и лъэпкъ тхыдэм фІыуэ зэрыщыгъуазэр, и хэкуэгъухэм я гуфІэгъуэри гузэвэгъуэри зэрадигуэшыр. ДяпэкІи и зэфІэкІым хигъэхъуэну, и лэжьыгъэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ дигъэгуфІэну сохъуэхъу!

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Текуев Амырбий сурэтыщІ гъуазджэр фІыуэ зылъагъухэм фІэхъус гуапэ яриха нэужь, Ахматов Лиуан ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ иІэну, гъащІэ кІыхь хъуну. СурэтыщІым и лъэпкъэгъухэм я псэукІэр, Іуэрыіуатэр къыщигъэлъэгъуэжа и лэжьыгъэхэм псэгъэгуфІэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр, гъуазджэм щиІэ зэфІэкІыр зэрынэрылъагъур къыхигъэщащ Амырбий жиІам.

КПРФ-м республикэм щиІэ къудамэм и япэ секретарь, КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис и гуапэу жиІащ Лиуанрэ абырэ къызэрызэдэхъуар, нобэр къыздэсми зэрызэныбжьэгъур, абы и лэжьыгъэхэм тхакІуэусакІуэхэу Кулиев Къайсын, Мечиев Кязим, ЩоджэнцІыкІу Алий, СССР-м и ЛІыхъужь Байсултанов Алим, сурэтыщІхэм я ІэдакъэщІэкІхэр зэхуэзыхьэсу щыта Хаджиев Даниял, нэгъуэщІ цІыху цІэрыІуэхэм увыпІэфІ зэрыщаубыдыр. Ар и ныбжьэгъум ехъуэхъуащ иджыри гъэлъэгъуэныгъэ куэд къехъулІэну.

КъБР-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къанықъуэ Жаннэ къеджащ УФ-м щІыхь зиІэ и художник, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдинрэ и щхьэгъусэ икІи и менеджер Жаклинрэ, ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием хэт, Санкт-Петербург щыпсэу икІи щылажьэ СэвкІуий Хьэмид Лиуан къыхуагъэхьа хъуэхъу тхыгъэхэм.

Санкт-Петербург и Эрмитажым и лэжьакІуэ, искусствовед, эксперт Кирилловэ Риммэ къытеувыІащ Ахматов Лиуан дищІа лэжьыгъэхэм, и ІэдакъэщІэкІхэм щыщу нэхъ игу дыхьа сурэтищ къызэрищэхуам, иужькІэ ахэр Урыс музейм тыгъэ хуищІыну зэримурадым.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуахым къэпсэлъащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Беппаев МутІэлип, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт Тамбиев Бурхан, «100 шагов к Кайсыну» фондым и унафэщІ Тетуев Хьэдис, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Ставрополь крайм и сурэтыщІхэм я эксперт гупым хэт, КъШР-м и цІыхубэ художник Узденов Іэмин, коллекционер, псапащІэ Локьяев Рашид, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт сурэтыщІ-дизайнер, егъэджакІуэ Французов Казбек.

Къэпсэлъахэм жаІащ Лиуан и сурэтхэм, скульптурэхэм лъэпкъ тхыдэр, ІуэрыІуатэр, хабзэр къызэрытещыр, и сабиигъуэм и нэгу щІэкІахэр, ди щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэр къызэрыщигъэлъэгъуар, сурэтыщІым и ІэдакъэщІэкІхэм зэпымыууэ щІэ зэрыхэплъагъуэр.

Ахматов Лиуан фІыщІэ яхуищІащ и гъэлъэгъуэныгъэм къекІуэлІахэм, псалъэ гуапэхэмрэ хъуэхъухэмрэ къыхужызыІахэм. Мы гъэлъэгъуэныгъэр щІышылэм ику пщІондэ щыІэнущ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ИлъэсыщІэр къос

**ИлъэсыщІэ махуэшхуэм ирихьэлІэу республикэм и щыхьэрыр гъэщІэрэщІэным иужь ихьащ. Утхэм псейхэр щагъэув.**

ІУЭХУМ жыджэру елэжьхэм ящыщщ Налшык къалэм зезыгъэужь «Платформа» ІуэхущІапІэр. Абы Къэбэрдей уэрамым и лъэс лъагъуэр игъэдахэнущ, щІымахуэм, ИлъэсыщІэм теухуа сурэтхэм я галерее къызэІуихынущ. «Платформа» ІуэхущІапІэм и арт-координатор Аккизов Керим зэрыжиІэмкІэ, цІыхухэм я гукъыдэжыр къаІэтын мурадкІэ, хъуэхъу тхыгъэхэр зытет сурэтхэр ягъэхьэзырынущ КъБКъУ-м АрхитектурэмкІэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ и институтым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ.

Апхуэдэуи къалэм и нэгъуэщІ щІыпІэхэм дежи сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр щекІуэкІынущ. «Платформэм» зэман гъунэгъум къыхилъхьэнущ гъэ къэс иригъэкІуэкІ зэхьэзэхуэу тІу. Япэр - псейхэр зэрагъэщІэращІэ хьэпшып нэхъ дахэ школакІуэхэм ящІыным теухуауэ, етІуанэр хьэрычэтыщІэхэм папщІэ - тыкуэнхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ я щІыхьэпІэхэр ИлъэсыщІэм зэрыхуагъэхьэзырым.

Псейхэр щащэну бэзэрхэр пщэдей, дыгъэгъазэм и 15-м, щегъэжьауэ, Абхъазым и утымрэ Налшык ипподромым дежрэ къыщызэІуахынущ.

Налшык къалэм мы махуэхэм щрагъэкІуэкІ «ИлъэсыщІэмкІэ дынохъуэхъу, зауэлІ!» зыфІаща Іуэхури. Апхуэдэу Лицей №2-м и езанэ «Е» классым щеджэ цІыкІухэм хъуэхъу тхыгъэхэр хуагъэхьэзыращ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Спорт гимнастикэмкІэ нэхъ лъэщхэр

**Налшык сабий стадионым гимнастикэмкІэ и залым щекІуэкІащ спорт гимнастикэмкІэ КъБР-м пашэныгъэ къыщыхьынымкІэ зэпеуэ. Абы псом нэхъ лъэрыхьу зыкъыщагъэлъэгъуащ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Апатьев Дмитрийрэ Апатьевэ Маринэрэ я гъэсэнхэм.**

НЭХЪЫЩІЭ дыдэхэм я зэпеуэм пашэ щыхъуащ Бахъсэн къалэм спорт гимнастикэмкІэ и центрым и гъэсэн Артюхов Багдан. 2018 гъэм къалъхуахэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Хьэжырокъуэ Нодар. 2019 гъэм къалъхуахэм я зэпеуэми увыпІэу хъуар Апатьевхэм я гъэсэнхэм яІэрыхьащ. Япэ увыпІэр - Тохаев Алихъан, етІуанэр - АфІэунэ Хъалид, ещанэр Ахмедов Маххаммад къахьащ. Щыми спортымкІэ «5 колец» академием зыщагъасэ.

**НАФІЭДЗ Данэ.**



**Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Апатьев Дмитрийрэ Хьэжырокъуэ Нодаррэ.**

# Налшык нэхъыфІхэм ящыщщ

● ЗыгъэпсэхупІэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым зыплъыхьакІуэ, нэгузегъэужьакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ иужьрей илъэсхэм.**

ДИ САНАТОРЭХЭМРЭ курортхэмрэ зыщызыгъэпсэхуну, я узыншагъэм щыкІэлъагъэплъыну къакІуэхэри нэхъ мащІэкъым. Абы и щыхьэтщ «Туризм.РФ», «Авито Путешествие» ІуэхущІапІэхэм я ІэщІагъэлІхэм иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къарикІуахэр.

КъэпщытакІуэхэм зрагъэщІащ къэралым и цІыхухэр нэхъыбэу зыщІэупщІэ курортхэмрэ санаторэхэмрэ здэщыІэ къалэхэр. Апхуэдэхэр 20 хъуащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм 10-нэ увыпІэр мыбдежым щиубыдащ. Ар и щыхьэтщ Налшык къалэм и курортхэмрэ санаторэхэмрэ я лэжьэкІэм арэзы къищІхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми зэрыхэхъуэм.

Ди деж зыщызыгъэпсэхуну зезыгъэтххэм я куэдагъыр нэгъабэ елъытауэ процента 146-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Абы нэмыщІ, ди къалащхьэр Кавказ Ищхъэрэм щыещанэщ ди курортхэмрэ санаторэхэмрэ къыщІэупщІэхэм я куэдагъым къызэрыхэхъуэмкІэ.

КъэпщытакІуэхэм къыхагъэщащ, адрей къалэхэм елъытауэ, Налшык пІалъэ кІэщІкІэ бэджэнду псэупІэ къыщыпщтэнри псом нэхърэ зэрыщынэхъ пудыр: зы жэщ-махуэм хуэзэр сом мини 2,8 - 2,9-рэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
Ширдий Маринэ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.489
Заказыр №2702

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А